

# DIVINITE BONDYE A KI EKSPLIKE

 Mèsi, Frè Carlson. E salitasyon a nou tout frè ak sè yo k ap sèvi Seyè a. Se yon... Mwen jis santi m pafwa yon tijan ezitan pou m monte, lè m ap koute temwayaj mèveye konsa, e latriye, jan m tap fè maten an. Epi, yon konpatriyòt nan soufrans ak pèsekisyón an, menm jan frè ak sè Batis nou yo te pase ladann; etan yon—yon ansyen Batis, mwenmenm, yon Misyonè Batis, e—e kòm mwen konnen kisa sa vle di lè moun nou yo...

<sup>2</sup> Mwen te gen menm bagay la. Pwòp moun pa m te mete m deyò, e yo te panse yo tap voye m ale paske mwen te vin fou. E m te dekouvri, e m te konn di sa nan yon fason ki on ti jan detounen, "Si m fou, jis kite m trankil, paske mwen pi kontan fason sa a pase m te ye ak bon lespri mwen." Kifè sa se on jan de yon ti filozofí ke m te kenbe, pwòp pa mwen. E—e mwen sètènman pran plezi depi nan tan sa a—sa a ke mwen fason sa a.

<sup>3</sup> E ti frè Legliz Kris la isi a, jan nou konn pale de sa, oswa Campbellite. E mwen sonje yo te sètènman frape di kont reyinyon yo lè nou te fèk kòmanse. Men, nou konnen, nou te gen youn ki te rele Pòl yon fwa ki te menm fason an, e li vin youn nan nou. Kifè, se vre. Mwen panse sa yo chache dabitud se lavi ou viv la. Nou konnen, li pi bon pou viv yon predikasyon pou mwen pase pou preche m youn, nenpòt lè. Mwen se...

<sup>4</sup> Kèk tan de sa, yon gran minis, òm de byen nan plen Levanjil la, nou tout—tout konnen l, mwen sipoze, se Reveran Booth-Clibborn, li preche Levanjil la nan sèt lang diferan. Li jis entèlijan. E mwen... Li se yon jeyan mantal. E nou ta prale ansanm yon fwa, epi li ak Frè Moore avè m, e nou tap diskite sou yon bagay. E m te gen bò opoze a avè li, epi l te vire gade mwen. Li te di: "Ou jis pa konn Bib ou." Nou konn kijan Frè Boot ka di sa.

<sup>5</sup> Mwen te di: "Se vre, Frè Booth, men mwen konn Otè a trè byen." Kifè, kifè mwen—mwen vle... Nou konnen, se pa konnen Pawòl Li ki Lavi, men: "se konnen Li ki Lavi." Se vre. Ou wè? Kit mwen konnen Pawòl Li; si m te jis konnen L! E sa se sètènman Laverite.

<sup>6</sup> Maten an, mwen tap bay lanmen ak minis de byen yo ki nan asosiyasyon sa isi a. E laba te gen sa ki te chita... Mwen pa vle mete pyès moun ann avan. Men mesye nwa sa a antre, frè sa, li chita la a. Mwen te di sekretè m lan isi a: "Men yon vrè Kretyen."

<sup>7</sup> Ou tèlman fè m sonje Ansyen Smith ki te nan Legliz de Dye nan Kris, mwen kwè. Mwen te konn preche tèlman anpil pou yo laba a, e—e mwen ka jis wè li ankò. Li te sanble enpe ak frè a isi a, sèlman li te gen on jan de moustach gri. M te antre nan pòt dèyè a, epi m pa janm blyie ekspresyon granmoun lan te konn itilize;

antan l gade anlè, epi tout sen yo tap chante, nou konnen, e te gen yon tifi, ki te abitye, chita la a nan kwen an. Chante m te pi pito a se te *Leve Li*. Yo tout tap bat men yo, nan mòd Pannkotis la, nou konnen, *Leve Li*. Yo te renmen mwen, e m te renmen yo. E lè nou tap antre (Li te konn chita bò la a, ak tèt li *konsa*, sou biwo a, epi li te jis ap gade yo, nou konnen.), li di: "Antre, ansyen. Repoze chapo w." Pa, "Repoze tèt ou." "Repoze chapo w."

<sup>8</sup> Frè isi a; e m te aprann, alò, ke youn nan chantè Levanjil yo m pi pito a se madanm li. E m te fè tout alizyon mwen te kapab, pou fè l chante. Epi, apre, li te mande pou yo pa rele l, e mwen konnen kisa sa vle di. Men mwen pral envite l pèsonèlman, si li kapab, vini lakay nou epi chante.

<sup>9</sup> Ebyen, èske ou pa sè ki te chante—te chante sa, *Ship Ahoy*, yon jou maten nan Biznismann Kretyen Yo, la a? [Sè a di: "Wi, mesye. Wi."—Edità a.] Mwen swete madanm mwen monte semèn sa a, e mwen vle li tande w, paske mwen te tèlman fè dyolè. E si nou manke sa sou bann lan, nou pral regle sa. Mwen renmen bèl chante sa a.

<sup>10</sup> E, mwen te konn di moun yo, mwen—mwen pat janm ka chante. O la la, mwen te a yon milyon mil de sa. Men mwen te di: "Si janmè nou rive laba a nan Syèl la epi n ap viv nan gwo palè nou, nou konnen, anwo La a," mwen te di, "desann nèt anba ti mòn lan, dèyè a nan fon rak bwa dèyè la a, gen yon ti kabin ki enstale la a. Se pral pa m lan. E youn nan jou maten sa yo lè w mache sot sou galri a epi w tande yon moun ki kanpe anwo la a, k ap chante: 'Gras etonan! ala son an dous, ki te sove yon malere tankou m!' Ou va di: 'Louwanj pou Bondye! Vye Frè Branham te rive fè l finalman.'" Se pral mwen lòtbò la a pou koute, k ap eseye chante.

<sup>11</sup> A frè Kretyen m yo, e a... Mwen kwè yon frè te prezante nou li, maten an, kòm yon minis Bouddha, bò isi a. Salitasyon a oumenm, presye zanmi mwen. E mwen te gen anpil kontak, pa twòp, men ak Bouddhis yo; e espesyalman nan Canada, nan mitan Chinwa yo, epi m te twouve yo trè chalere epi dous.

<sup>12</sup> Mwen sonje yon ti Bouddhis ki sot nan tanp Bouddha a, te vini nan reyinyon Winnipeg la, epi l te avèg. Se moun toupitit, vrèman dous, e yo sètènman te kwè ke Bondye te gerisè a. E pandan m tap priye pou li, epi l tap repete san rete, kòman li te renmen Bondye, e toudenkou je l yo vin louvri, nan la... E se te yon—yon bagay tèlman mèveye. Kifè, nou—nou apresye chak nonm ak tout moun.

<sup>13</sup> Kounye a, mwen pat gen okazyon sa a anvan, nan Chicago, pou eseye pale... Ke, mwen pa tap eseye pote yon mesaj an patikilye, poutèt minis yo isi a ki tèlman gen pi gwo kapasite pase m, pou pote yon mesaj. Men, e apre tou, nou pa isi a pou tande yon mesaj. Men mwen te panse ke sa te ka yon moman ki pi glorye ke mwen te ka rankontre minis Chicago yo, nan reyion

sa isi a, epi konnen yo pi byen epi fè plis konesans youn ak lòt. E mwen sètènman remèsye Seyè a pou okazyon sa a. Paske, mwen vin nan vil sa a anpil fwa isi a, anba sipò yon legliz, ak anba sipò Biznismann Kretyen yo; se poutèt sa, san yon okazyon pou eksprime tèt mwen bay asosiyasyon frè yo.

<sup>14</sup> E—e alò mwen te panse, e tèlman gen anpil bagay ki toujou swiv yon ministè tankou sa a, antre soti, ak monte desann yo, jouk pafwa li fasil pou yon moun gen yon move enpresyon. E mwen vle pran pwochen kèk minit sa yo pou eseye eksplike epi—epi fè sa klè pou frè m yo, klè otan ke m konnen kijan pou m fè l.

<sup>15</sup> E mwen—mwen pa sifi e mwen pa kapab fè yon—yon diskou ki ta petèt fè sans pou mesye ki edike yo. Mwen pa gen enstriksyon, e mwen manke sa. Men mwen te... renmen Seyè a. E Seyè a te ban mwen, petèt, yon lòt fason pou genyen namm, pa yon don Diven, konsa sa te ka ranpli espas vid de sa paran m yo pat kapab ban mwen, yon enstriksyon. M soti nan fwaye yon fanmi pòv, ak dis timoun, ak yon papa malad, e mwen pat gen chans pou m gen yon enstriksyon. Kifè alò, men, lè m fèt, te gen yon bagay ki te rive ke... yon eksperians ak Bondye, pou manman m ak papa m. E nou te li istwa mwen. E, pa sa, mwen eseye mete pati pa m, avè nou frè yo, pou atire pechè a Kris. E kounye a mwen...

<sup>16</sup> Mwen pa sipèstisyé. Men mwen toujou, anvan pou m ouvri Pawòl la, mwen renmen pale ak Otè a on ti kras. E èske nou te ka jis koube tèt nou ankò pou yon moman.

<sup>17</sup> Papa presye nou an, Ou se Bondye nou, e n ap pwoche W nan non Levanjil la. Mwen isi a devan pitit Ou yo, pastè W yo, ak frè ki gen menm Lafwa presye a. E kijan sa eksite kè mwen pou tande mesye sa yo ke yo te mal konprann, epi yo te voye yo nan lopital sikuatrik, poutèt Wayòm Bondye a; pou wè kijan W ap rele pitit Ou yo nan dènye jou yo.

<sup>18</sup> E nou vrèman kwè, Papa, ke n ap viv nan fen kous la. Jan pwofèt la te di: "Va gen Limyè nan tan aswè a." E nou kwè jodi a ke nou se mesaje gran Limyè Levanjil sa a ke, pa gras Ou, Ou te pèmèt nou pote nan dènye bout latè a, kote revèy sa a tale.

<sup>19</sup> E mwen priye, Papa, ke, nan kè mwen, ke Ou va kite m eksprime bay frè m yo, maten an, motivasyon ak objektif lavi m pou Ou, konsa yo te ka konprann. Akòde li, konsa nou te ka gen lanmou pafè, ak kominyon, ak kolaborasyon, nan tout zèv Levanjil la. Paske nou mande l nan Non Jezi, Ki te priye ke nou te ka yon sèl, menm jan Li ak Papa L te Yon Sèl. Nan kwè sa, ke "se nan sa tou lèzòm ap konnen ke nou se disip Mwen yo, lè nou gen lanmou, youn pou lòt." Amèn.

<sup>20</sup> Kounye a jis... E mwen espere epi konfyan ke mwen pa nwi nou frè ak sè, sou sa. Men mwen panse mwen ta renmen fè tèt mwen klè, konsa nou p ap gen pou tande sa yon lòt moun di. E mwen te eksplike, anpil fwa, nan lòt reyinyon ministryèl, men

sa se premye fwa mwen pou gwoup Chicago a, e mwen ta renmen fè yo konnen mwen vrèman byen, sou sa ke m ap eseye fè.

<sup>21</sup> Nan ansyen Levanjil beni a isi a, chapit 26 la nan Liv Ak la, nou li:

*Se konsa, wa Agripa, mwen pa dezobeyi vizyon ki te soti nan syèl la vin jwenn mwen.*

<sup>22</sup> Sa se, byensi, Pòl k ap pale. Ke, nou tout, antanke minis, renmen refere a li, paske li... Nou, nan yon sèl akò, kwè ke li te apot la pou legliz Moun lòt Nasyon yo, ke Bondye te rele l pou l yon—yon temwen pou Moun lòt Nasyon yo. E yo te mete ministè l la an kesyon.

<sup>23</sup> E dabitid, nenpòt bagay ki pa abitye rive ki parèt, yo mete l an kesyon. Se, e m panse li bon jan kòrèk; yo dwe mete l an kesyon. E mwen panse ke pastè yo pafwa yo mefyan sou—sou bagay ke yo tandem, e mwen panse yo gen dwa pou yo fè sa. Paske, si mwen konprann tradiksyon mo *pastè* a, sa vle di yon “bèje.” E, se poutèt sa, li se yon—yon—yon moun k ap nouri, oswa yon kondiktè, yon gwoup gason ak fanm ke Sentespri a mete sou siveyans li. E li gen dwa pou l konnen ki kalite manje mouton l yo ap pran, e ki kote l ap soti. Mwen panse li gen dwa pou sa.

<sup>24</sup> E si yon pastè, oswa pafwa moun yo, ta sanble yo jis on ti kras mefyan, sa pa, janm, ta dwe deranje okenn moun. Sa ta dwe sèlman pote yon respè nan kè yon nonm, pou yon nonm pami yo, ki kanpe, ki ta poze kesyon sou sa. E, apre tou, si w pa sèten ke ou alien dwat, kijan ou ka janm mache pa lafwa?

<sup>25</sup> Si w mete nan tèt ou... Kounye a, sa sanble se sikoloji; ke li petèt sa, e se sa, men se kòrèk. Men si nou jis panse vrèman, nan kè nou, ke nou p ap janm leve sou tab la, petèt nou pa tap fè sa. Ou wè? Nou dwe... Se jis senp konsa.

<sup>26</sup> Nou dwe kwè. Nou dwe gen lafwa. Nou dwe gen konfyans. E kijan nou ka gen konfyans nan yon bagay ke nou—ke nou pa menm konnen ki kote nou prale? Kijan mwen te ka vwayaje sou yon wout ke m pat janm ladann anvan, ak on gwo vitès, e ak koub nan tout viwonn lan, san m pa konnen kisa pwochen koub yo rezèvè? Nou dwe wè ki kote nou prale, oswa nou pa konnen kijan pou n mache. E se fason sa a tout moun ta dwe ye. Epi lè nou kapab, nou wè li, sa revele ban nou, e nou konnen ki kote nou prale, alò anyen pa pral kanpe nou.

<sup>27</sup> E se sa, mwen panse, Pòl, sa li tap eseye fè Agripa konprann isi a. Ke, li—li te di yo sa: “Yon fwa mwen te youn nan nou.”

<sup>28</sup> E mwen sipoze, petèt, si—si frè Batis sa a, e si l te ka al nan legliz Batis la maten an, li ak madanm li, sa tap petèt temwayaj yo. “Mwen—mwen te youn nan nou yon fwa.”

<sup>29</sup> Oswa, Legliz Kris la, oswa frè Campbellite la—la isi a, ta pral jwenn—jwenn moun li yo. Mwen kwè yo gen yon pi bon non; Disip Kris, se konsa yo rele l, men se vrèman pou doktrin Alexander

Campbell la. Epi Legliz Kris la te rale kò l sou nou, sou kont mizik. Se vre, pa vre? E si li te ka tounen nan yo, li tap di: “Mwen te nan nou yon fwa.”

<sup>30</sup> E Pòl tounen isi a al kot Wa Agripa, ak Festus, epi te di: “Mwen te nan nou yon fwa. Mwen te Farizyen nan Farizyen yo.” Li te élèv Gamaliel, gran anseyan an, epi l te konnen tout règ ak règleman yo, e jis sa yo te kwè ak sa yo pat kwè. Epi l te di: “Mwen te menm pèsekite Legliz Bondye a amò.” Ou wè? Li te di: “Bagay la menm ke yo mete m an kesyon pou li a, mwen tap pèsekite li.”

<sup>31</sup> E mwen te toujou panse ke lanmò Etyèn lan dwe te touche Pòl, paske lè li te wè rega glorye sa a sou figi Etyèn. Lè li te gad anlè, epi boul wòch yo tap frape l amò, epi l te di: “Mwen wè Jezi ki kanpe sou bò dwat Bondye.” E nou konnen, nou ka touye yon mesaje, men nou pa ka janm touye mesaj li. E mesaj la, menm si Etyèn tale pou l kanpe ak Jezi, poutan, mesaj li te kontinye egziste, paske Pòl te kontinye ap pale sou li, e, poutèt sa, li “pi pití” nan yo, e pat diy pou yo rele l youn, paske li te temwen e—e li bay akò li pou debarase de moun sa a ki gen krentif Bondye.

<sup>32</sup> E se poutèt sa, Pòl, tankou tout moun devan moun ta dwe fè, Pòl pran eksperyans li—li, tounen, depi nan kòmansman an, jouk a sa l te ye; epi plase li e baze li sou Lekriti, pou montre ke sa li tap fè a se te dapre Lekriti. Menm si sa te kontré ak kwayans yo, poutan li tap montre yo ke se te Lekriti.

<sup>33</sup> Se poutèt sa, mwen panse ke nou . . . Nenpòt bagay, jan mwen te di souvan, frè yo, noumenm ki te nan reyinyon yo, ke, si yo te janm jwenn mwen ap pale de bagay ki pa dapre Lekriti, alò mwen panse se vre ke . . . oswa nenpòt lòt frè, nou ta dwe vin jwenn youn lòt epi di: “Yo pa jwenn sa nan Bib la,” nou wè. Si li nan Bib la, nou te ka gen yon entèpretasyon diferan; men, li se, si li nan Lekriti a, trè byen.

<sup>34</sup> Kounye a, Pòl tap bay entèpretasyon li de sa pwofèt la te di, ak sa Moyiz te di, ki tap rive. E l te rankontre Jezi sou wout la, nan yon vizyon. E Jezi sa a te rele li.

<sup>35</sup> Se ke, li pa ta dwe yon bagay di pou Jwif sa yo, jan l te di a: “Trè ekselan Festus,” e—e latriye, ke li . . . “èské li tap yon bagay etranj pou ou, ke Bondye ta resisite mò yo?” Ou wè? “Paske si ou konn kisa Bondye te ye anvan la a, pa Lèzekriti yo—yo, sètènman ou tap konnen ke Li kapab resisite mò yo.”

<sup>36</sup> E apre l te di, li te ba yo eksperyans sou wout Damas li a, de kisa k te rive, ke, pou kite yo konnen ke Jezi sa a ke—ke yo te lakòz tèlman anpil ajitasyon sou li ki tap preche Sa, se te Bondye a menm ke yo te sèvi tout tan an. Paske, Li te nan dezè a avè yo, Ki te kondwi yo, etan Limyè sa a; Dife a, Kolòn Dife ki te kondwi yo a. E Li te parèt devan Pòl nan menm bagay la, Limyè a ankò, ki te avegle li. E li te mande: “Kimoun Ou ye, Seyè?”

<sup>37</sup> Epi L te di: “Mwen se Jezi, ke w ap pèsekite a. E li difisil pou reziste kont pikan yo.”

<sup>38</sup> Epitou li t ap eseye eksplike yo kisa sa te ye, e—e li tap eseye anseye yo ke, sa ke li tap prezante bay moun yo, se te, ke “Jezikri se te Mesi a,” e ke “Li te mouri, e Bondye te resisite Li.” E se te selon Lèzekriti. E ke “Li te monte Anwo kounye a, al jwenn Bondye Papa a,” e ke—ke li te yon temwen de rezirèksyon Li. E, ke, mirak sa yo, ak siy yo, ak mèvèy yo, ki te etranj devan moun yo, pat anyen de nouvo pou yon kwayan reyèl, selon Lekriti, paske Bib la te pale de sa.

<sup>39</sup> Gade dèyè nan epòk pwofèt yo, kijan ke sa te pwofetize, kisa, nan vini Mesi a, e kisa Li tap fè, “Moun ki bwete a tap sote tankou yon sèf,” nan Ezayi 35 ak diferan Ekriti ke li te ka refere a yo. Nou pa genyen l ekri isi a, men petèt pral tounen epi refere a li nan diskou kout li a devan wa yo; paske, petèt yo pa tap gen pasyans avè li menm jan nou ye avè mwen. Kifè, epi li—li tap eksplike sa, epi ap eseye di yo ke Bondye menm ke yo tap sèvi a . . .

<sup>40</sup> Epi, ankò, li te di: “Nan fason ke yo rele erezi a,” sa se: “fou,” ou wè. “Fason ke yo rele erezi a, se fason sa a ke mwen adore Bondye ke nou adore a.” Ou wè: “Nan fason ke yo rele erezi a.”

<sup>41</sup> Mwen sèten ke, jodi a, si nou te kanpe ak ansyen legliz ke nou te fè pati de yo a, tankou Presiberyen, Katolik, Batis, ak diferan lòt yo, nou te ka di menm temwayaj a moun sa yo ki di ke yo vle, tankou, mete frè a nan yon sèvis pou sikopat, oswa yon bagay konsa. “Nan fason ke yo rele erezi a, se fason sa a mwen adore Bondye papa nou yo.”

<sup>42</sup> E ala yon gran temwayaj sa te ye devan Agripa, opwen ke menm nan mitan diskou li a, Agripa te rele, epi te di: “Pòl, Sòl, ou prèske konvenk mwen pou m vin yon Kretyen.” Ou wè, kijan, li te pote Lèzekriti tèlman klè, poutan se te kontrè ak pwòp sinagòg li a. Men Lèzekriti te tèlman pafètman klè, jouk li te di: “Ou prèske konvenk mwen pou m vin jan w ye a.”

<sup>43</sup> Pòl te di: “Mwen swete se sa ou te ye, nèt, sèlman mwen pa ta vle pou w nan chenn sa yo ke m ladan yo,” ou wè, men pou l yon kwayan tankou l te ye a. Nan lòt mo, si mwen . . . “Mwen swete sa fè Bondye plezi ke w wè revelasyon an jan—jan mwen wè l la.” Nan lòt mo: “Mwen—mwen swete ou te ka fè sa.” Ou wè? “Mwen jis swete ke w ta fè l.”

<sup>44</sup> Lè, Festis, mwen kwè, te di li ke li te “etidye twòp,” li te “pèdi tèt li.” Men li fè l konnen ke li—ke li pat sa; ke li—li te konnen kote l te ye a.

<sup>45</sup> E mwen ta renmen di sa, maten an, frè m yo. Mwen swete nèt ke mwen te ka . . . Pa pou konpare lavi Pòl, men jis pou fè yon ti diskou debaz. Paske, gen anpil ankò isi a ki petèt ap pale maten an, men mwen te vle okazyon sa a pou di sa. Kounye a mwen swete ke chak legliz diferan, jan mwen te tandé nou site yo a, Tamp Bethel, Indépendan, Asanble de Dye, ak diferan lòt . . .

Mwen swete ke nou tout te ka wè sa mwen wè a; ke nou te kapab. Mwen swete nou te ka wè vizyon ke m wè a, lè sa a nou tap gen yon konprann ki pi klè, pou sa k konsène ministè a.

<sup>46</sup> Lè m te kite legliz Batis la, pou vin la a nan pannkot; e Doktè Roy E. Davis, ki te ôdone mwen nan legliz Batis Misyonè a, te di m ke mwen te fè yon kochma, lè vizyon Seyè a te vini epi—epi te pale avè m. E—e nou konn nan ki pwen gerizon te ye lè sa a, se te nan pwen ki pi ba a.

<sup>47</sup> E—e mwen pat konn anyen sou Pannkotis yo. Mwen te tande yo te yon gwoup moun egzalte ki t ap lonje atè a epi ki t ap bave tankou chen anraje, e yo te dwe vante yo epi fè yo tounen a lavi, ak tout bagay konsa. Se tout sa m te konnen sou moun Pannkotis yo.

Li te di: "Kimoun ou panse ki pral tande w?"

<sup>48</sup> Mwen te di: "Si Bondye ap voye mwen, gen yon kote ak yon moun L ap voye m ba yo." Se vre. Ou wè? "Paske," mwen te di: "Doktè Davis," mwen te di: "Li te vrèman reyèl; mwen te kanpe epi m te gade Li," mwen te di. Yo te di m ke vizyon sa yo . . .

<sup>49</sup> Mwen se yon gran kwayan, frè yo, ke—ke don ak apèl yo san repantans. Mwen—mwen kwè sa. Ou fêt, ou pa ka yon bagay ke w pa ye. E kèlkeswa lè ou eseye fè tèt ou yon bagay ke w pa ye, w ap jis jwe wòl yon ipokrit. E Bondye kite m mouri anvan pou m yon ipokrit, ou wè. Pèmèt ke m jis sa mwen ye a, epi fè konprann sa klèman. E—e, alò, pèmèt—pèmèt mwen rete fason sa a, epi tout moun konnen. Lè sa a nou konnen jis egzakteman.

<sup>50</sup> E kifè kounye a, jan nou konnen an, mwen pat resevwa anpil enstriksyon, jan m te di a. Kifè nan pa m . . . nan teyoloji, mwen se sa k pi medyòk ki genyen an. E mwen sipoze nou konn sa, ou wè. E kòm yon predikatè, mwen te ka apèn menm rele tèt mwen youn, poutèt mwen pat resevwa lenstriksyon epi pat konnen mo, e latriye. Men ti sa mwen genyen an, pou . . . kòm konesans de sa mwen konnen, pa gras Li, Seyè Jezi a, mwen eseye pataje sa ak tout frè m yo toupatou, pou pataje sa.

<sup>51</sup> E, men, lè mwen te kite legliz Batis la . . . ki se sèl legliz mwen janm antre ladann, oswa te ôdone ladann. E mwen te ôdone an 1933, nan legliz Batis Misyonè a, Jeffersonville, Indiana. Se yon—yon . . . se yon manm nan Southern Baptist Convention lan. Apre sa nou, nan tan sa a, mwen . . . lè mwen te rale kòm epi jis . . .

<sup>52</sup> Kounye a, legliz Batis la se yon legliz souvren. Nou—nou tout konn sa, ke se yon—se yon . . . Nou ka preche sou nempòt bagay nou vle, si asanble nou an aksepte sa. Yo jis . . . Nou vle preche kèlkeswa sa nou swete a.

<sup>53</sup> E mwen renmen sa, ou wè, paske mwen kwè se apostolik. Paske, tèt la, lòd ki pi wo a nan legliz la, se bèje a, nou reyalize sa, pastè a. E—e si la—la . . . Si yon evèk oswa yon lòt moun pral retire revelasyon an nan men pastè a, alò kijan Bondye a pral

janm travay nan legliz li? Nou wè, nou jis pa ka arive fè l. Kifè, e mwen gen... .

<sup>54</sup> Lè mwen soti la a, mwen te rankontre ak premye gwoup la, ki te gerizon ti Betty Daugherty, nan St. Louis, Missouri. E se te yon Pentecostal United, oswa yon legliz Non Jezi Pannkotis, e pastè sa a te fè pati de, e ti pitit fi l la te geri. Franchman, mwen te panse se sa ki te fè l pannkotis, se te paske yo te rele tèt yo: "Jezi Sèl." E mwen te panse se sa k te fè yo pannkotis, se te paske se te sa yo te rele tèt yo, e sa se te diferans lan. Kifè, ebyen, alò apati de la mwen te pati... .

<sup>55</sup> E yon mesye debyen; te gen yon gran reyinyon nan St. Louis, ke foto a parèt anndan la a. E nou te gen Oditoryòm Kiel la; e premye sware a, oswa de, te gen katòz mil ki te plen li, e nou pat ka menm... . te dwe mete polis toutotou pòt yo, pou kenbe yo lwen.

<sup>56</sup> Epi apati de la, kontinye desann al kay Richard T. Reed, nan Tabènak Bon Vye Tan Labib la, nan Jonesboro, ki te nan menm òganizasyon an tou. Epi apati de la, kay Dr. G. H. Brown, menm òganizasyon, nan 505 Victor Street nan Little Rock, Arkansas. Epi, apati de la, ale nan Kot Wès la.

<sup>57</sup> Epi lè mwen rive nan Kot Wès la, mwen frape ak dife a. Apre sa mwen te dekovri ke te gen otan divizyon nan mitan moun pannkotis yo, nan òganizasyon yo, ke nou Batis nou genyen. Ou wè, yo te—yo te tèlman gen anpil diferans, te genyen, te gen diferans. Te gen Asanble de Dye, ak Legliz de Dye a, ak lòt bagay la, ak lòt bagay la, ak lòt bagay la, e—e diferans la. E yo te separe tèt yo, e yo te trase ti liy fwontyè. E tout lòt frè yo komanse vin jwenn mwen, epi di m: "Enben, ou se yon Jezi Sèl, ak gwoup sa a bò isi a."

Mwen te di: "Non, mwen pa—mwen pa rele tèt mwen konsa." Ou wè?

Li te di: "Enben, w ap asosye w avè yo."

<sup>58</sup> Mwen te di: "Ebyen, sa—sa pa fè ke m se sa." Ou wè? E m te di: "Mwen—mwen—mwen jis... . Yo te dè frè."

<sup>59</sup> Epi l te di: "Enben, yo se yon gwoup de... . Enben, yo pa gen anyen ke yon pakèt sipò pou votou poze ak lòt bagay, toutotou, konsa. Kote... ."

<sup>60</sup> Mwen te di: "Kounye a, mwen mande nou padon. Mwen rankontre vrè mesye ki gen krentif Bondye la a. E yo se dèzòm de Dye." E mwen te di: "Mwen—mwen sètènman pa santi sa bon pou m rele yo move moun; paske, se pa sa yo ye."

<sup>61</sup> Ebyen, alò m te eseye kenbe jis toutotan m te kapab, san m pa eksprime m ni pou youn ni pou lòt. Ebyen, mwen te komanse etidye kisa lide yo te ye, ak kisa ki te separasyon yo, ak kisa ki te fè yo separe. E m te jwenn ke de nan gran gwoup yo, youn nan yo, yo te rele l Jezi Sèl, e lòt la yo te rele l Asanble de Dye. E yo te

rasanble, oswa separe, akòz kesyon batèm dlo a; youn ap sèvi ak “Papa, Pitit, Sentespri,” e lòt la ap sèvi ak Non “Jezi”.

<sup>62</sup> Ebyen, m te gade, e sou toude bò yo te gen vanyan gason, sèvitè Bondye. E mwen te panse: “O Bondye, si mwen te ka wè yo tout sòti nan... jis pou ale pi devan epi gen... men pa jis trase liy yo, epi ap di: ‘Nou p ap fratènize youn ak lòt.’” Men mwen te dekouvri, nan sa, move lespri a te vin nan mitan yo epi te lakòz rayiman ak mechanste, sou kesyon ki te vini nan mitan yo. Mwen te panse: “Sa jis fè egzakteman zafé dyab la. Se jis sa l vle a.” Toutotan zam nou pwente youn sou lòt, li pa gen pou l goumen on ti tak. E mwen...

<sup>63</sup> E kifè alò, finalman, sa vin nan yon konfwontasyon. E konfwontasyon sa a te nan Seattle, Washington, apeprè an 1946. E yon jou maten yo te mennen m nan sal datant lotèl la, yon bagay konsa, pou yon—yon dejene avèk kèk minis. E m te dwe pale ak de mesye prensipal.

<sup>64</sup> E youn nan yo se te Doktè Ness. Mwen sipoze noumenm frè Asanble de Dye yo sonje li. Li te nan teritwa nòdwès; yon gran ôm, entèlijan, save. E li te reprezante Asanble de Dye yo.

<sup>65</sup> E alò, Doktè Scism, nan legliz Pannkotis Ini a. Mwen sipoze noumenm frè Pannkotis Ini yo sonje li. Li te sot nan teritwa nòdwès yo tou laba, se li ki te alatèt yo ak distrik yo laba a.

<sup>66</sup> Ebyen, se te de mesye sa yo ki te rankontre. E yo te dwe mennen m devan yo, paske tansyon an—an tap monte, e yo te atake m tout kote. E mwen te panse: “Kisa m dwe fè? Kisa m ka fè?”

<sup>67</sup> Kounye a, ebyen, yo te di: “Ebyen, ou dwe pran pozisyon pou youn oswa lòt la. Si ou vle mache avèk moun Non Jezi yo, ou dwe rete avèk moun Non Jezi yo. E si w vle mache avèk Asanble de Dye yo, ou dwe kite moun Non Jezi yo, epi pou w rete avèk Asanble de Dye yo, oswa latriye.” Sa te rive nan yon pwen kote mwen te dwe montre ki kote m kanpe yon jan kanmenm.

<sup>68</sup> Mwen te priye anpil jou maten sa a anvan m t ale laba. Mwen te di: “Bondye, ede m. Paske, gen de gran zòm; gen plizyè milye sèvitè. E Ou te voye m isi a ak yon ministè. E yo toude se sèvitè W. E èske m ta dwe voye ti enflyans ke mwen genyen an nan yon òganizasyon alòske l ap goumen ak lòt la?” Ou wè? “Mwen—mwen jis pa ka santi m kòrèk nan fè sa. Mwen pa panse ke se tap volonte Kris pou m fè sa.” E mwen te di: “Bondye, ede m epi ban m yon bagay pou m fè, oswa ban m on bagay pou m di.”

<sup>69</sup> Epi mwen pat gen pèsòn. Mwen te dwe jis kanpe la a, jis Seyè Jezi avè mwen, jou maten sa a.

<sup>70</sup> Ebyen, gran deba a te soulve. “Kisa w pral fè? Ki—ki—ki desizyon ou pral pran?”

<sup>71</sup> Mwen te di: “Desizyon mwen te deja pran. Se ke, desizyon mwen, se pou kanpe nan mitan nou toude, epi pa antre al jwenn

okenn òganizasyon; epi di, ak bra m ki antoure nou toude: ‘Nou se frè.’” Ou wè? Ou wè, nou se frè. Ou wè? E m te di: “Mwen te eseye li tout liv ke m te kapab, kijan sa fè vini, sa yo te rele ‘nouvo kesyon’ sa a, ak kijan yo te separe tèt yo, ak kijan ke sila a te kòmanse tankou *si* epi tankou *sa a.*” E m te di: “Nan chire pit nou gen nan mitan nou,” mwen te di: “se menm bagay la ki te kraze mouvman pannkotis la, nan jou . . . apre Pannkot. Yo kòmanse diskite nan mitan youn ak lòt.” E m te di: “Se menm bagay la ki separe ankò.”

<sup>72</sup> M te di: “Èske gen yon posibilité ke te ka gen yon pozisyon nan mitan antrenou, noumenm frè yo? Èske gen yon bagay ki—ki ta ka kanpe?”

<sup>73</sup> Ebyen, yo pat vle ouvri bouch yo sou sa, paske tansyon an te très wo. Nou konnen, apeprè kenz, ventan de sa, kijan sa te ye, paske yon gwoup te jis elwaye de lòt la, epi te gen anpil diskisyon.

<sup>74</sup> Kifè mwen te di: “Ebyen, frè, men sa mwen pral fè. Mwen pral . . . Bondye pat janm voye m pou batize, nenpòt ki jan. Li te voye m pou m priye pou pitit Li yo ki malad.” Mwen te di: “Kifè, mwen pral priye pou timoun malad yo, e noumenm minis yo fè pwòp batèm nou,” mwen te di.

<sup>75</sup> Mwen te di: “Kounye a mwen vle mande nou on bagay, jis pou nou ka konprann.” Mwen te di: “Frè Ness, la . . . moun Non Jezi sa yo, èske w kwè ke yo resevwa Sentespri a lè yo pale an lang epi fè menm bagay ke noumenm nan Asanble de Dye yo nou fè?”

Li te di: “Sètènman.”

<sup>76</sup> Mwen te di: “Frè Scism, èske w kwè ke Asanble de Dye yo gen Sentespri a lè yo pale an lang epi yo fè menm bagay nou te fè apre nou fin batize?”

Li te di: “Sèten, mwen kwè sa.”

<sup>77</sup> Mwen te di: “Kounye a, Bib la te di: ‘Bondye bay Sentespri an a sila yo ki obeyi Li.’ Kounye a, kimoun ki te obeyi Li? Kimoun ki te obeyi Li? Kilès nan nou ki te obeyi Li? E Bondye te ban nou toude Sentespri a.” Ou wè?

<sup>78</sup> Mwen te di: “Èske w ta di, Frè Scism, ke Frè Ness pat gen Sentespri a?”

Li te di: “Non.”

<sup>79</sup> Mwen te di: “Èske w ta di ke Frè Scism pat gen Sentespri a?”

<sup>80</sup> “Non.” Ou wè? Se ke, yo toude te kwè ke lòt la te gen Sentespri a.

<sup>81</sup> Men, nou wè, li jis pa fè sans, frè. Li pa fè sans. E mwen te tande, yon ti tan apre sa a . . .

M ap tounen sou sijè m lan nan yon minit.

<sup>82</sup> Frè Fenlandè yo bò isi a, apre m te kite Fenlann; kote Bondye te ban nou, dapre sa m te panse, youn nan pi gran reyinyon nou. La a kote ti gason, ki te mouri a te resisite, ak ampil bagay. Mwen te rankontre nan Sotckholm, Suèd, ak Lewi Pethrus ki fè pati legliz Filadelfia a la a ki se yon gran òm de Dye, ak legliz Filadelfia a. Frè Gordon Lindsay, ki te kounye a . . . Mwen panse. Mwen pa panse li fè pati de li kounye a, men li te fè pati de Asanble de Dye yo.

<sup>83</sup> E Asanble de Dye yo se youn nan gran patwonè mwen yo, entènasyonalman. Epi Katkwen yo, ki te yon detachman de Asanble de Dye yo, se youn nan gran patwonè mwen yo. Initè a se, entènasyonalman, se youn nan gran patwonè mwen yo. Ou wè? E mwen te jis pran pozisyon sa a, menm si mwen kite tansyon, epi m te pran yon pozisyon, ke mwen p ap pran pozisyon pou ni youn ni lòt nan chire pit sa a. Jiskaske nou ka wè nou se frè, epi rasanble nou ansanm, epi n ap—nou tout ap wè menm pwen dirèk sa a la a, ke n ap vin ladann lan, motif ak objektif poutèt nou fè sa a.

<sup>84</sup> E nou—nou dwe teste motif ak objektif nou, an premye. Dabò, jwenn volonte Bondye a; epi jwenn objektif nou; epi teste motif nou e wè si motif nou kòrèk. Apre sa, jan Jezi te di nan Mak 11:24: “Si nou di mòn sa a: ‘Bouje,’ epi nou pa doute nan kè nou.” Men toutotan nou gen dout nan kè a, kit se volonte Bondye, oswa motif ou oswa objektif nou pa bon, kijan li pral bouje? Men lè nou konnen ke motif nou kòrèk, e se volonte Bondye, e objektif nou kòrèk, li dwe bouje. Se tou, oswa Bondye te di on bagay ki fo.

<sup>85</sup> Sa se rezon an menm, lè m ale sou lestrad la, nan legliz yo, pèsòn pat janm tande mwen mansyone bagay sa yo sou lestrad, kesyon sa yo. Mwen jis kite yo trankil. Ou wè, sa depann de, noumenm mesye yo. Ou wè? Mwen isi a pou m ede nou genyen nanm pou Kris, pa yon don Diven, nou wè. Ou wè? Sa pa fè okenn diferans . . . Nou fè batèm nou. Men apre sa lè sa vini . . .

<sup>86</sup> Byensi, yo te rele m tout bagay. Yo te rele m, mwen pa konn konbyen, nenpòt kote depi yon—yon “fis de Dye enkane” desann nan yon—yon “demon.” Se vre, tout bagay. Men, dèyè tout sa, mwen se frè nou, konpatriyòt nan Wayòm Bondye a; kap travay avèk nou tout, pou Wayòm lan. E sa se vre.

<sup>87</sup> Kounye a m ap, si se kòrèk, e nou panse nou gen ase tan, m ta renmen di nou kijan nou te diskite sa. Èske sa tap kòrèk, frè yo, jis pou on minit, Frè, Frè Ness avè yo? Trè byen. E sa te ka on ti bagay pou ede nou. Sa tap ede nou konprann, yon jan kanmenm.

<sup>88</sup> Mwen te ekri, isi a, kèk nan bagay ke mwen sonje yo te retire la a. E kifè yo te mande m, kisa mwen te kwè sou “trinite” a, èske m te kwè ke te gen yon “trinite” de Bondye?

<sup>89</sup> Kounye a, frè, lè nou pwoche sa, mwen espere ke, lè sa fini, ke n ap menm frè yo ke nou te ye tout tan. Ou wè? Men mwen santi

ke mwen dwe nou sa, paske moun nou yo vini nan reyinyon m yo, e mwen sètènman pa ta vle voye youn nan yo ale, ki twonpe.

<sup>90</sup> E mwen te toujou di moun ki ekri m kesyon yo, andeyò de sa mwen preche sou lestrad la . . . E men sekretè mwen, e latriye. Si yo poze m yon kesyon: “Kisa sesi ye, oswa kisa sela ye?”

<sup>91</sup> Mwen di: “Se pou nou mande pastè nou, ou wè. Paske, si li te kondwi nou lwen konsa, jouk nou te resevwa Sentespri a, l ap kontinye okipe nou, nou wè. Nou, ou wè, mande pastè nou.” Paske, ti bagay konsa lakòz konfizyon, e se poutèt sa mwen elwaye de li, nou wè.

<sup>92</sup> Kounye a, e yo te di m ke mwen te yon—yon konbatan òganizasyon yo. Bon, se pa sa m ye. Mwen panse ke òganizasyon yo mèveye, men lè sistèm òganizasyon nou an vin kowonpi, se kont sa mwen ye. Ou wè? Kèlkeswa se inite a, oswa—oswa se trinite a, oswa kèlkeswa sa l ye a, sistèm lan; ke lè nou rive nan on kote, nou konnen . . . epi nou di: “Nou se Asanble de Dye.”

“Ebyen, kimoun sa a ki sou lòt bò lari a?”

<sup>93</sup> “O, sa se frè nou. Yo—yo rele Pannkotis Ini.”

“Ebyen, kimoun sa a ki lòbtò la a?”

<sup>94</sup> “O, sa se frè Katkwen yo. O, nou se frè ki mèveye. Nou gen yon gran fratènité, youn ak lòt.”

“O, nou tout kwè menm bagay la?”

“O, wi, nou kwè.”

“Kounye a, ebyen, kisa ki fè nou fason sa a?”

<sup>95</sup> “Ebyen, frè sa yo batize fason sa a. E sa yo batize fason sa a, tounen nan yon lòt sans ke nou. E sa yo batize . . .”

<sup>96</sup> Tankou an Afrik di Sid la a, frè, nou wè bagay sou sa. Yo te mande m. Yon gwoup batize twa fwa, al sou devan. E lòt la te batize twa fwa, al sou dèyè. Epi yo te di . . . Mwen te di: “Ki kote nou pran sa?”

<sup>97</sup> Youn te di: “Lè Li te mouri, Bib la te di Li te panche sou devan,” epi li te di: “se poutèt sa nou dwe panche yo sou devan.”

<sup>98</sup> Epi m te di: “Ebyen,” a lòt gwoup la: “kisa ki te . . . E noumenm?”

Li te di: “Èske nou te janm antere yon nonm ak figi 1 sou anba?”

<sup>99</sup> Ebyen, e nou konn kisa? Yo te separate tèt yo epi yo te fè de gwoup, de òganizasyon. O, mizèrikòd, frè! Se jis sa dyab la vle. Se jis sa l vle. Wi. Pran tèt ou . . .

<sup>100</sup> Kounye a, ou wè, se pa Misyon Lafwa Apostolik la, oswa—oswa se swa se Asanble Pannkotis yo, sou lòt bò a. Se pa sa. Gen dèzòm debyen nan toude gwoup yo, tankou genyen isi a. Men, nou wè, se sistèm bagay la.

<sup>101</sup> Se jis tankou Katolik yo, jan m konn di sa souvan. Si li se yon Katolik, e li depann de Kris pou lesali, li sove. Sètènman, se vre. Si li depann de legliz la, li pèdi. E nenpòt nan nou frè pannkotis yo konnen, si nou konte sou legliz Pannkotis la pou sove nou, “nou se pi mizerab pamì lèzòm,” se vre, paske nou pèdi. Se vre.

<sup>102</sup> Men si nou konte sou Jezikri, alò nou sove, “pa lafwa w,” (sa se, kisa?) yon zèv ki fini. E ti bagay k ap fonksyone sa yo, ak mak sa yo, sa pa fè anpil diferans.

<sup>103</sup> Bon, mwen te di Frè Scism, pou . . . ak Frè Ness: “Pou reponn kesyon nou,” mwen te di, “bon, mwen pa pran bò ni youn ni lòt avè nou frè. E mwen konnen, toutotan n ap diskite, nou toude antò. Ou wè? Paske, mwen ta pito pou m antò nan doktrin mwen, epi pou m jis nan kè m, pase pou m jis nan doktrin mwen, epi antò nan kè m.” Ou wè? Mwen te di: “Apre tou, se kondisyon kè nou.”

<sup>104</sup> E mwen te fè sa yon pratik, pou konn sa: ke, si yon nonm, sa pa enpòtan sa l fè a, ak nan ki pwen li an dezakò, ak kisa li di sou mwen; si nan kè m, pa jis poutèt se yon devwa, men sot nan kè m mwen pa ka renmen nonm sa a byen menm jan mwen renmen nenpòt lòt moun, alò mwen konnen gen yon bagay ki pa bon anndan isi a, ou wè. Se vre, paske, se—li . . . sa pa enpòtan si li . . .

<sup>105</sup> Yon ti frè vini, sa pa fè lontan, yon ti frè Legliz de Kris. E, o, li te kanpe la a, epi l te di: “Mesye sa a se yon demon.” Ou wè? Li te di: “Li te pale de Sentespri a.” Li te di: “Pa gen bagay konsa. Yo, ebyen, se sèlman douz apot yo ki te resevwa Sentespri a. E—e gerizon Divin te sèlman bay a douz apot sa yo.” Epi li te kontinye, apeprè yon demi èdtan.

<sup>106</sup> E mwen te di: “Jis on moman, frè. Mwen panse ou ta dwe ban m jis yon chans pou m defann Sa a, ou wè.” Mwen te di: “Ou te di ke ou te pale kote Bib la te pale, epi ou te rete an silans kote L te rete an silans.”

Epi l te di: “Se sa nou fè.”

<sup>107</sup> Mwen te di: “Kounye a, ou te di te gen jis douz apot yo ki te resevwa Sentespri a. Bib la te di: ‘Te gen san ven nan chanmòt la lè Sentespri a te tonbe, fanm epi tout.’ E èske sa ta deranje w pou di m, èske w panse Pòl pat gen Sentespri a? E li te resevwa Li lontan apre sa, ou wè. Epi w te di: ‘Don gerizon an te sèlman bay a douz apot yo.’ E Etyèn te desann, kèk jou apre, epi li pat youn nan douz yo. Li pat menm yon predikatè. Li te yon dyak, e l te desann nan Samari epi chase demon.” Epi mwen te di: “O, frè!” Se te vrèman yon silans egzakteman la, wi, kote li te dwe ye.

<sup>108</sup> E apre sa te fini: “Men,” mwen te di, “mwen padone w poutèt ou rele m yon demon, paske mwen konnen ou pat panse sa.”

<sup>109</sup> Epi lè li vin fini, li monte. Li te di: “Gen yon sèl bagay mwen ka di. Ou gen Sentespri a.”

<sup>110</sup> Mwen te di: “Kounye a, frè, kisa mwen ye, yon demon oswa m sot nan Kris?” Ou wè? Ou wè?

<sup>111</sup> Men mwen di nou, ou wè, paske yon nonm, li te ka di ke mwen te renmen l; sa pa enpòtan, li pat dakò, e pa dakò on fason terib epi l ap atake avèk vyolans. Li . . .

<sup>112</sup> Mwen se yon chasè, e ak bèt sovaj, tout vi mwen. E moun te di: "Kijan . . ." Moman sa a lè mwen te dwe touye lous sa a, ak yon kouto, ou wè. Yo te di: "Èske w pat pè li?"

<sup>113</sup> Mwen te di: "Non. Si mwen ta pè li, li tap touye m, ou wè."

<sup>114</sup> Men, ou wè, nou pa ka—nou pa ka blofe yo. Yo konnen si nou pè yo, oswa non. Si w pè yon chwal, epi gade kisa yon chwal pral fè, l ap pile w. Ou wè? Kifè si w pè . . . Ou pa ka blofe l. Ou vrèman dwe genyen l.

Se fason sa l ye ak Satan.

<sup>115</sup> Se fason sa l ye nan mitan lèzòm. Nou dwe renmen lèzòm. Nou pa ka jis blofe l. Nou dwe genyen l, oswa koulè nou ap parèt yon kote, ou wè. Se vre. Nou dwe vrèman renmen moun, e yo konnen nou renmen yo. Ou wè, gen yon bagay konsènan sa.

<sup>116</sup> E mesye a, li te rele madanm mwen, sa fè kèk jou, epi li di: "Èske Frè Branham la a?"

Li te di: "Non."

<sup>117</sup> Li te di: "Ebyen, yon bagay mwen dwe di. Mwen pat dakò avè l, nan teyoloji, men mwen di li se yon sèvitè Kris."

<sup>118</sup> Ebyen, alò, epi anvan m te pati, li te voye on lèt pou mwen, epi l te di: "M ap monte, osito ke w tounen. Mwen vle batèm Sentespri sa a ke w ap pale de Li a."

<sup>119</sup> Kifè, nou wè, jis kote si nou ta gen . . . Si m ta gen santiman sa a, pou di: "Enben, pa gen anyen pou ou. Vye denominasyon w lan pa bon, e—e nou tout moun Legliz de Kris la pa bon. Nou pa bon. Nou se—nou se demon." Mwen pa tap janm genyen nonm sa a. E si m ta di li ke mwen te renmen l, epi m pat panse sa nan kè m, li tap konnen pi byen. Se tout sa ki genyen ladan l. Nou dwe panse sa nan kè nou.

<sup>120</sup> E sa se nan sware yo lè mwen mache sot sou lestrad la, anba disèneman sa a, ou wè. Mwen pa panse a sa. Mwen jis pa manje anyen ditou, apre lè dine a; epi mwen jene epi priye, epi rete nan chanm lan. Paske, Li te pwomèt mwen Li tap fè sa. E se poutèt sa mwen ale san lonbray yon dout, paske Li te pwomèt Li tap fè l. Se poutèt sa, ou wè, pa m . . . Mwen konnen motif pa m se (kisa?), objektif pa m se (kisa?), pou avansman Wayòm Bondye a.

<sup>121</sup> Si yon nonm ale nan direksyon *sila*, direksyon *sa a*, kèlkeswa legliz li ale a; toutotan li vin jwenn Kris, sa pa enpòtan pou mwen. E sa nan kè mwen. Ou wè? E sa pa enpòtan, si nou ale lòtbò epi antre al jwenn Legliz de Kris la, sa jis kòrèk. Se byen. Si li . . . Ki legliz li antre al jwenn, sa pa enpòtan pou mwen. Men toutotan mwen genyen nam li ak Kris, se bagay prensipal la.

<sup>122</sup> Kifè mwen te di: “Frè Ness, pa pou m diferan . . .” Kounye a mwen pral . . . Èske se kòrèk pou itilize *sa a*, frè? [Frè an di: “Sèten.”—Editè a.] Mwen te di: “Mwen vle di epi eksplike.” E, nan *sa a*, mwen te ka di nou frè yo isi a. Bon, pa mansyone sa nan mitan asanble nou yo. Si nou vle, epi fè m yon favè, jis—jis—jis pèmèt mwen jis rete frè nou. Nou wè? E mwen, e si—si mwen antò, alò padone mwen. Men mwen vle eksplike nou, kòm gen toude gwoup yo ki chita isi a maten an, yo toude Initè ak Asanble yo—yo, tou, ak kwayans trinitè a.

<sup>123</sup> Kounye a mwen vle fè deklarasyon sila a. Mwen vle di ke mwen kwè ke toude bò yo antò, toutotan y ap diskite youn ak lòt, paske motif yo pa bon. E toutotan motif nou yo pa bon, sa pa enpòtan kisa objektif nou ye, men motif nou yo pou objektif sa a pa bon, alò li p ap janm mache. Se vre.

<sup>124</sup> Bon, kèk moun te di: “Frè Branham, ou se yon Jezi Sèl.” Mwen vle di ke sa se yon erè. Mwen pa yon Jezi Sèl.

<sup>125</sup> Yon moun di: “Frè Branham, èske w se yon Trinitè?” Non, mesye. Mwen pa yon Trinitè. Mwen se yon Kretyen. Ou wè? Mwen—mwen—mwen pa . . . Mo trinitè a pa menm mansyone nan Bib la, mo “trinite” a. E mwen pa kwè ke gen twa Bondye diferan.

<sup>126</sup> Mwen kwè gen yon sèl Bondye nan twa fonksyon: Papa, Ptit, Sentespri. Se egzakteman poukisa nou te komisyone pou batize nan Non Papa, Ptit, Sentespri. Mwen kwè ke se Bondye ki bese Tèt Li, ki desann.

<sup>127</sup> Kounye a, Bondye, lè Li te fèk parèt bay lòm, Li te nan yon fòm yon Kolòn Dife. Nou kwè sa, pa vre? La . . . Nenpòt moun ki li Bib la ki konnen ke Kolòn Dife a ki te nan dezè a se te Logos la, ke se te Zanj Alyans sa a, ki te Kris.

<sup>128</sup> Paske, Li te di . . . Li te . . . Se pat . . . Mwen kwè se Sen Jan 6 la a, Li te di: “Anvan Abraham te ye,” de “MWEN YE” a. Li te “MWEN YE” a.

<sup>129</sup> Kifè, se te Bondye, sen; menm si yon nonm te touche mòn lan, yo te dwe touye l, ou wè. Trè byen. Kounye a, menm Bondye sa a tap eseye fè Tèt Li tounen rantre nan kreyati Li ke Li te kreye. Bon, Li pat ka vini toupre yo, paske yo te plen ak peche, e san bouk yo ak mouton yo pat janm retire peche. Nou konn sa. Li te jis kouvri peche.

<sup>130</sup> Bon, men alò menm Bondye sa a ki te Kolòn Dife a, Li te vin chè, atravè Ptit Li, epi Li te abite nan yon kò ki rele Seyè Jezikri a. Bib la te di: “Nan Li plenitid Divinite Bondye a abite nan kò a.” E Jezi te di nan . . . Ebyen, nan En Timote 3:16: “San polemik, mistè pyete a gran.” E si yo te ka rele l gran, enben, kisa nou tap fè, ou wè? “Mistè Bondye a gran, paske Bondye te manifeste nan la chè, e ke zanj yo te wè L, e ke yo te resevwa L nan Lagwa,” e latriye. Kounye a, e Li te di Toma, nan Sen Jan 14: “Lè ou wè Mwen, ou wè Papa a. E poukisa w di: ‘Montre nou Papa

a?” Bib la te di, ke “Bondye te nan Kris, ap rekonsilye mond lan ak Tèt Li.”

<sup>131</sup> Kounye a, Bondye pa ka twa moun, twa Bondye. Nitou Jezi pa ka Pwòp Papa Li, nan yon sèl. Ou wè? Kifè, ou wè, sa fè toude antò radikalman.

<sup>132</sup> Bon, e kounye a si n ap jis remake, pa gen plas... Si nou gen twa Bondye, nou se payen. Bon, nou konn sa.

<sup>133</sup> Tankou Jwif la te di m yon fwa, lè mwen tap pale avè l, li te di: “Kilès nan yo ki Bondye w? Kilès ki Bondye w, Papa a, Pitit la, oswa Sentespri a? Kilès ki pa w?”

E m te di: “Enben, pa gen twa Bondye.”

<sup>134</sup> Li di: “Nou pa ka koupe—koupe Bondye an twa moso epi bay yon Jwif Li.”

Mwen di: “Non, mesye.” Mwen di...

<sup>135</sup> Lè John Rhyn ki te avèg te geri, la a nan Fort Wayne, nou konnen; epi raben sa a la nan Mishawa... oswa nan Fort... Benton Harbor. Li di: “Ou pa ka koupe Bondye an twa moso epi bay on Jwif Li.”

<sup>136</sup> Mwen di: “Sètènman non. Mwen pa fè sa.” Mwen di: “Rabi, èske sa tap di pou ou pou kwè pwofèt yo?”

Li te di: “Non.”

<sup>137</sup> Mwen di: “Nan Ezayi 9:6, de kimoun li tap pale: ‘Pou nou yon Pitit fèt, yon Pitit Gason bay, y ap rele L Konseye, Bondye Pwisan, Prens Lapè?’”

Li di: “Sa se te Mesi a.”

Mwen di: “Alò, Raben, ki relasyon Mesi a ap genyen ak Bondye?”

Li di: “L ap Bondye.”

<sup>138</sup> “Se sa m te panse.” Ou wè? Kounye a, nou wè, se egzakteman vre. Se sa Li ye. E kifè mwen di: “Di m kounye a ki kote Jezi te echwe pou L akonpli egzakteman sa pwofèt la te di Li tap fè.” Epi l te kòmanse kriye epi mache toupatou. Mwen di: “Se pa Sa a, John Rhyn gen vizyon li.” Ou wè?

Epi l di: “Se byen lwen Bondye pou L gen yon pitit gason!”

<sup>139</sup> Mwen di: “Gran Jehovah a te kouvri yon fanm ak lonbray Li, jan pwofèt la te di Li tap fè, e Li te kreye yon selil San. E nan selil San sa a se kote kò Kris la soti.

<sup>140</sup> “Gade, nan Ansyen Testaman an, Raben,” mwen di, “lè yon nonm t al fè yon ofrann, li te pran yon ayo. Li te konnen li te vyole kòmandman Bondye yo, kifè li te pran yon ayo. Li te konfese peche l yo, epi yo te touye ayo sa a. Pandan... men l yo te sou ayo a; pou konfese ke li te konnen li te dwe mouri pou peche li, men ayo a tap pran plas li. E selil san an te brize; e li te kenbe ti ayo a nan men l jiskaske li te santi ti lavi li soti nan li, epi li vin

rèd. Apre sa prêt la, byensi, te jete san an sou—sou dife a, lotèl an eren jjiman an.”

<sup>141</sup> Apre sa m di: “Mesye sa a, alò, li te sot la a, li konnen ke ayo a te pran plas li, men li te soti ak menm dezi li te genyen an lè li antre, ou wè, paske li pat ka retire peche. Ou wè? Men, lè sa a, ka sa a: ‘Adoratè a yon fwa li pirifye, pa gen konsyans peche ankò.’ La a, te gen yon ofrann ki te fêt chak ane. Men,” mwen te di, “kounye a genyen fwa sa a, ‘adoratè a yon fwa li pirifye, pa gen konsyans peche ankò.’ Paske . . .

<sup>142</sup> “Gade, Raben. Nan emoglobin lan, ti lavi sa a ki kòmanse nan selil la, ke li sot nan sèks mal la, al nan femèl la. E li pwodwi ze a; men, yon poul ka ponn yon ze, men si li pat ak zwazo mal la, li p ap janm kale.”

<sup>143</sup> E m te di: “Alò Bondye, pi gran an ki te ranpli tout tan ak espas, te vin tounen yon ti jèm nan vant yon fanm.” Epi m te di: “Lè nou sove jodi a . . . Jezi pat ni Jwif ni Moun lòt Nasyon, paske ze a te sèlman pwodwi chè a. San an te gen Lavi a. Kifè nou—nou se . . . Bib la te di: ‘Nou sove grasa San Bondye.’ Ou wè, Li pat ni Jwif ni Moun lòt Nasyon; Li te Bondye. Se poutèt sa, lè nou vini bò lotèl la epi nou mete men nou, pa lafwa, sou tèt Li, epi nou santi dechire ak agoni an nan Kalvè a, epi nou konfese peche nou yo, ke nou antò, e Li te mouri nan plas nou!

<sup>144</sup> “Alò, nou wè,” mwen di, “san ayo sa a pat ka tounen sou sa, san an ki . . . Selil la te brize, e lavi ki te libere a, nan brize selil san ayo sa a, pat ka tounen sou adoratè a, paske se te yon lavi bèt, e li pa tap kowenside ak lavi imen an.

<sup>145</sup> “Men fwa sa a, lè selil San sa a te brize, se pat senpleman yon nonm. Sa se te Lavi Bondye, ki te libere. E lè adoratè a poze men li, pa lafwa, sou Pitit Bondye a, epi konfese peche l yo, pa lavi yon lòt nonm, men Lavi Bondye a tounen nan nonm sa a, ki se Lavi Etènèl. Mo Zoe a, ke yo tradwi: ‘Pwòp Lavi Bondye.’ E Li te di Li tap ban nou Zoe, Lavi Etènèl, e kounye a nou se pitit gason ak pitit fi Bondye. Apa nou.”

<sup>146</sup> Mwen te di: “Kounye a kisa l ye? Se Bondye, kap desann Tèt Li. Li te vini, anvan; ‘okenn nonm pat ka manyen Li,’ paske lòm te peche. Apre sa Li te desann nan yon kò, ‘pou goute peche . . . pou pran peche.’ Ou wè, Li, sèl bagay Bondye te ka fè, pou L jis, se te fè l fason sa a.”

<sup>147</sup> Pa egzanz, e si m te gen kontwòl sou oditwa sa maten an, jan ke Bondye te genyen sou ras imèn lan, epi mwen te di: “Premye nonm ki va gade poto sa a, va mouri,” epi Tommy Hicks gade l? Bon, pa egzanz, mwen pran Carl- . . . “Frè Carlson, mouri pou li.” Sa pa tap jis. Mwen tap di: “Leo, ou se sekretè mwen; mouri pou li.” Sa pa tap jis. “Billy Paul, pitit gason m, mouri pou li.” Sa pa jis. Sèl fason mwen ka jis, se pran plas li mwenmenm.

<sup>148</sup> E se sa Bondye te fè. Li, Bondye, se yon Espri. E Li te kreye . . . Li, Li te chanje wòl Li. Sa dwe te frapan, pou moun yo,

pou panse a ti Jewova. Li te ka vini, yon òm adilt, men Li vini nan yon manjwa, sou yon pil fimye. Ti Jewova, k ap kriye tankou yon bebe. Ti Jewova, k ap jwe tankou yon ti gason. Ti Jewova, k ap fè bòs chapant, tankou yon ouvriye. Ti Jewova, nan laj adolesan an. Jewova, pandye nan mitan syèl ak latè, ak pakèt bav tafyatè ak krache sòlda sou figi Li. Jewova, k ap mouri pou pitit Li yo. Jewova, k ap mouri, pou rachte; pa yon lòt moun, men Bondye Limenm! Ou wè, Bondye, se te fonksyon Li. Poukisa? L ap eseye tounen nan kè lèzòm.

<sup>149</sup> Bon, nou pat ka touche Li, *La a. Isi a*, nou te touche L ak men nou. Kounye a kisa L te fè, atravè ofrann kò sa a? Li vin Jewova *nan* nou. Nou fè pati de Li. Nan Jou Pannkot la, Kolòn Dife a te separe Tèt Li, e lang Dife te poze sou yo chak, pou montre ke Bondye tap separe Tèt Li nan mitan Legliz Li.

<sup>150</sup> Alò, frè, si nou ka sèlman reyini, epi rasanble Sa ansanm! Alò nou gen Jewova an plen, lè nou reyini ansanm. Men kòman nou kapab, lè *sila a* ap pale an lang e ke li gen batèm lan, *sila a*; epi nou gade lang Dife *sa a* bò isi a, e *sila a*? Ann mete Sa ansanm.

<sup>151</sup> Lè Bondye, nan Jou Pannkot la, desann, e Bib la te di: “Lang Dife te poze sou yo chak.” E yo . . . “Lang, tankou yon Dife,” lang. Se te Kolòn Dife sa a ki te separe Tèt Li epi divize Tèt Li, pamí moun yo, pou ke nou te kap frè. “Jou sa a n ap konnen ke Mwen nan Papa a, Papa a nan Mwen; Mwen nan Mwenmenm, e nou nan Mwenmenm.” E, nou, nou se yon sèl. Nou se yon sèl, pa divize.

<sup>152</sup> Kounye a, Jewova Bondye, anwo *La*, pat ka manyen ras imèn lan, poutèt Pwòp lwa sentete Li; Jewova Bondye te vin peche pou nou, e te peye pri a; pou ke menm Jewova Bondye a te ka vini epi viv *nan* nou. Bondye *anwo* nou; Bondye *avè* nou; Bondye *nan* nou. Pa twa Bondye; yon sèl Bondye! Pwofesè vin fou, nan eseye chache konprann Sa. Se—se yon revelasyon. Sa dwe revele a oumenm.

<sup>153</sup> Bon, kounye a, pou sa ki konsène batèm lan, kounye a, anpil moun . . . Bon, nou dwe fè sa, frè. Oswa, se tankou mwen te di Frè Scism ak Frè Ness, ke si nou . . . Diskisyon an—an te pete. E nenpòt, anpil nan nou save isi a pi konpetan pase m; men mwen te etidye anpil sou sijè a. E mwen te li *Pè Pre Niseyen yo, Konsil Nise a*, ak tout istoryen yo, e latriye.

<sup>154</sup> Yo te soulve kesyon sa a nan Konsil Nise a. Toude bò yo pat remèt anyen ki bon; lè legliz Katolik la te pran bò kote trinitè esktrèm la, e lòt la tale nan bò initè yo, e toude bò yo te fè move wout. Egzakteman vre, paske lèzòm te gen yon bagay pou fè ladan l.

<sup>155</sup> Nou dwe kite Bondye fè l, nou pa bezwen eseye chache konprann li. Annou demere frè. Ann jis kontinye epi kite Bondye fè bagay ke L pral fè a. Si Li enfini epi konnen tout bagay, epi te predi lafen an depi nan kòmansman an, kijan nou ka fè yon

bagay sou sa? Jis kontinye avanse. Se fason an sa. Kontinye opa, jan m te di yè swa, ak gran Jozye nou an.

<sup>156</sup> Kounye a gade, si gen twa Bondye. . . Mwen jis vle montre nou kijan sa ridikil. Si gen twa Bondye, alò Jezi te Pwòp Papa Li. . . Jezi pat ka Pwòp Papa Li, etan yon sèl. E, si gen twa, Li pat pran yon nesans vijinal. Kounye a konbyen. . . ? Mwen pral di *sa* se Bondye Papa a; e *sa* se Bondye Pitit la; e *sa* se Bondye Sentespri a.

<sup>157</sup> Kounye a, a noumenm diferan frè yo isi a, gade sa jis on minit epi wè sou kisa m ap eseye pwente. Mwen priye ke Bondye ap kite nou wè li. Kounye a, gade, nou toude kwè menm bagay la, men dyab la te jis vin nan mitan nou epi te separé nou sou sa. Se egzakeman menm bagay la, e m ap pwouwe nou li, pa èd Bondye, e avèk Bib Bondye a. Si se pa Bib la, alò pa resevwa li. Se vre.

<sup>158</sup> Men kounye a gade. *Sa* se (kisa?) Bondye Papa a; *sa* se Bondye Pitit la; *sa* se Bondye Sentespri a. Ebyen, kounye a, ann kanpe kounye a jis on minit, antan n ap poze twa sa yo la a; Bondye Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.

<sup>159</sup> O, mwen—mwen p ap gen tan pou fè sa. Mwen. . . [Frè yo di: “Ou mèt kontinye! Ou mèt kontinye!”—Editè a.] Men, ou wè, ebyen, m ap prese jis osi rapid ke m kapab. Padone m, frè m yo, men mwen—mwen—m pat janm rive pale avè nou, e mwen—mwen vle fè sa.

<sup>160</sup> E alò, gade; Bondye Papa a, Pitit la, Sentespri a. Kounye a, Kimoun ki te Papa Jezikri? Bondye se te Papa Jezikri. Nou tout kwè sa. Èske se vre? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Trè byen.

<sup>161</sup> Kounye a, lè nou pran Matye 28:19, lè Jezi te di: “Se poutèt sa, ale, anseye tout nasyon yo, batize yo nan Non Papa a, Pitit, Sentespri,” dis jou apresa, Pyè te di: “Repanti, epi batize nan Non Seyè Jezikri.” Gen yon bagay kontré dirèk on kote. Kounye a, ann pa. . . gen yon. . .

<sup>162</sup> Tout moun te temwaye, ak tout bagay. Men li. Men kwayans mwen, e m ap jis poze l devan nou, frè. Mwen pa di sa dèyè chè yo; sa depann de nou. Men mwen vle montre nou kisa mwen wè sou toude bò yo, pou ke Sentespri a revele l ban nou, ou wè.

<sup>163</sup> Kounye a, Matye 28:19, e si—si Matye 28:19 di lekontré ak Ak 2:38, alò gen yon bagay ki kontré nan Bib la, e Li pa vo papye ke L ekri sou li a.

<sup>164</sup> Kounye a si nou remake nan Matye chapit 16 la, Jezi te bay Pyè revelasyon an, epi Li ba li kle yo.

<sup>165</sup> Kounye a, sonje, Bib la pa revele pa teyoloji de kèk sistèm lòm fè. Se pa sa. Se yon revelasyon.

<sup>166</sup> Se te yon revelasyon, pou kòmanse. Poukisa Abèl te ofri Bondye yon sakrifis ki pi ekselan pase Kayen? “Sa te revele ba li,” ke se pat pèch, ak pòm, ak zoranj, ak pòm. Si pòm ap fè fanm reyalize yo toutouni, li ta pi bon pou nou pase pòm yo ankò, frè.

Èske nou pa panse sa? Bon, sa, sa parèt sakrilej, men se pa sa m panse pou m di. Men, se pat pòm. Non, mesye. Bon, e si se sa, alò, “Sa te revele bay Abèl,” ke se te san papa li. Kifè li te ofri san, paske se te yon revelasyon. Tout bagay la bati sou sa.

<sup>167</sup> Kounye a gade, men yon vye pechè pwason inyoran, pa menm gen ase enstriksyon . . . Bib la te di li te inyoran e san lenstriksyon. Men li te kanpe la a, e Jezi te poze kesyon an: “Kimoun nou di Mwen Fis de lòm lan ye?”

<sup>168</sup> Youn te di: “Enben, Ou se—Ou se Moy. . .” Oswa: “Yo—yo di: ‘Ou se Moyiz.’”

“Kimoun yo, yo di Mwen ye?”

Youn te di: “Enben, Ou se Jeremi oswa pwofèt yo, ak *sesi, sela*, oswa se *lòtbò*.”

<sup>169</sup> Li te di: “Se pa kesyon an sa. Mwen te mande *nou*. Kimoun nou di ke Mwen ye?”

<sup>170</sup> Epi Pyè te rete tou kare, epi li te di: “Ou se Ptit Bondye a.”

<sup>171</sup> E Li te di: “Se pou w beni, Simon, ptit Jonas.” Kounye a gade. “Lachè ak san pat revele w sa, men Papa Mwen ki nan Syèl la.” Ou wè?

<sup>172</sup> Bon gade, kounye a, legliz Katolik la di ke Li te bati Legliz lan sou Pyè. Sa a fo.

<sup>173</sup> Legliz Pwotestan an di: “Li te bati L sou Tèt Li.” Men kounye a gade epi dekouvri, pou wè si se sa.

<sup>174</sup> Li te bati L sou revelasyon espirityèl de Kimoun Li te ye, ou wè, paske Li te di: “Se pou w beni, Simon, ptit Jonas. Lachè ak san pat revele w sa. Mwen di ou se Simon; sou wòch sa a” (ki wòch? revelasyon an) “M ap bati Legliz Mwen, e pòtay lanfè pa ka triyonfe kont Sa.”

<sup>175</sup> Apre sa, lè Pyè ki te kanpe prezan lè Matye 28 te site, epi li te vire tounen epi, dis jou apre, ak revelasyon sa a, epi li te batize nan Non “Seyè Jezikri a.” Poukisa l te fè l? Ak revelasyon Bondye a; epi l te gen kle Wayòm lan, frè.

<sup>176</sup> Kounye a mwen te ka blese nou pou on minit, yon bò nan nou, men kanpe jis on minit. Pa gen yon sèl plas nan Bib la kote okenn moun te janm batize nan Non “Papa, Ptit, Sentespri.” Pa gen yon sèl plas nan Lèzekriti. E si genyen, pwodwi l. E si nou ka jwenn yon kote nan istwa sakre a, jiska fòmasyon legliz Katolik la, mwen vle nou pwodwi li. Pa gen okenn plas, kounye a, e se vre.

Men bon tann on minit, noumenm Initè yo, jis on segonn.

<sup>177</sup> Kounye a, pa genyen okenn plas kote ke . . . Si yon nonm ka montre m yon sèl tèks nan Lekriti kote yo te itilize seremoni sa a nan Bib la, de “Papa, Ptit, Sentespri,” nou oblige vin di m ki kote yon moun te batize konsa.

<sup>178</sup> E kèk nan yo di: “Ebyen, m ap pran sa Jezi te di a, pa sa Pyè te di a.” Si yo te kontré, youn ak lòt, kisa nou pral fè? Si tout pa sot nan Bondye, ki pati nan Bib la ki bon?

<sup>179</sup> Tout dwe kowenside epi vin ansanm, e sèlman revelasyon Bondye a. Lekòl nou yo p ap janm anseye li. Se yon revelasyon, kè nou dwe wè Li.

<sup>180</sup> Alò, si de mesye sa yo te kontré, youn ak lòt, alò ki kalite Bib n ap li a? Kijan pou m konnen si Jan 14 se vre, oswa 1 pa vre? Kijan pou m konnen si Jan 3 se vre, oswa 1 pa vre? Kijan, kijan, kijan pou m konnen? Ou wè?

<sup>181</sup> Men sèl fason ke m ka gen lafwa nan Bondye, se pou konnen ke Bib sa a vre, epi kwè Li vre, epi rete drèt avè L. Menmsi mwen pa konprann Li, mwen mete L an aksyon, kamnenm.

<sup>182</sup> Men lè bagay kontré sa yo parèt, lè sa a m ale devan Bondye, pou chache konnen. E menm Anj lan ki rankontre m nan reyinyon an, e nan aswè, se menm Sila a Ki te anseye mwen Sa. Ou wè? Kounye a wè si sa se, kijan sa ye kounye a.

<sup>183</sup> Kounye a, Matye 28:19, ann gade jis yon moman kounye a. E kounye a m pral pran Ak 2:38 isi a menm, kote Pyè te di: “Seyè Jezikri a.” E Matye te di: “Papa, Pitit, Sentespri.”

<sup>184</sup> Kounye a koute byen. Li te di: “Batize yo . . .” Pa “nan non Papa a, nan non Pitit la, nan non Sentespri a.” Li pat janm di sa. Pa gen okenn “non . . . nan non . . . nan non.”

<sup>185</sup> Li pat janm di: “Batize yo nan *non yo* de Papa a, Pitit, ak Sentespri,” paske sa pa menm gen sans.

<sup>186</sup> Li te di: “Batize yo nan Non an (N-o-n) de Papa, Pitit, ak Sentespri.” Èske se vre? “. . . de Papa, Pitit, ak Sentespri,” konjonksyon, “ak, ak, ak.”

<sup>187</sup> Pa, *non yo*. Pa, “nan non Papa a, non Pitit la, non Sentespri a.” Pa, “nan *non yo* de Papa, Pitit, ak Sentespri.” Men, “nan Non an,” N-o-n, sengilye: “de Papa, Pitit, ak Sentespri a.” Bon, kilès nan yo ki non kòrèk pou batize ladann lan? Se yon sèl Non. Kileś li ye? Èske “Papa” se bon non an, oswa se “Pitit” ki bon non an, oswa se “Sentespri” ki bon non an?

<sup>188</sup> Se yon “Non,” yon kote. Èske se vre? [Asanble a di: “Amèn.” — Editè a.] Ebyen, kounye a mwen vle mande nou on bagay, alò. Si “Non” an, alò, si Jezi te di: “Batize yo nan Non Papa, Pitit, ak Espri . . .” Konbyen ki kwè ke Jezi te di sa? [“Amèn.”] Sa se Lekriti. Se Matye 28:19: “Nan Non Papa a, Pitit . . .”

<sup>189</sup> [Frè Branham wè yon distraksyon—Editè a.] Se on bagay ke nou . . . Non, se, mwen te panse . . . Trè byen, mesye. [Yon frè di: “Eskize m, Frè Branham?”] Wi. [“Mwen vle chanje kasèt sa ankò, and mwen pa vle rate li.”] Trè byen. [Pati blanch sou kasèt la.] . . . ? . . .

<sup>190</sup> Bon, “nan Non Papa, Pitit, ak Sentespri a.” Kounye a koute, frè yo. Pa gen okenn bagay tankou non “Papa” a, paske *Papa* se pa yon non. Se yon tit. Pa gen okenn bagay tankou non “Pitit” la, paske *Pitit* se yon tit. Pa gen okenn bagay tankou non “Sentespri.” Se sa Li ye a.

<sup>191</sup> Mwen tap di sa nan yon dejene ministeryèl yon jou maten, epi yon madanm . . . Se pa an òd, byensi, nenpòt ki moun ki ta deranje, yon bagay konsa. Li te di: “Tann jis on minit! Mwen mande w padon!” Li te di: “Sentespri a se yon non.”

<sup>192</sup> Mwen di: “Se sa L ye a. Mwen se yon imen, men non m se pa ‘Imen.’”

<sup>193</sup> Li se Sentespri a. Se pa yon non. Se sa L ye a. Se yon non, byensi, men se pa yon . . . Se yon—se yon . . . Se pa yon non.

<sup>194</sup> Bon, si L te di: “Batize yo nan Non Papa a, ak Pitit la, ak Sentespri a,” epi ni *Papa*, *Pitit*, oswa Sentespri se pa yon non, alò kisa ki Non an? Nou vle dekouvrir l.

<sup>195</sup> Kounye a, nou ka pran tout nan yon sèl plas isi a, si n ap jis gade byen epi—epi—epi sèvi yon ti tan kounye a, oswa konsèv yon ti tan, mwen te vle di. Kounye a remake Matye 28:19. Bon, mwen pa di sa . . .

<sup>196</sup> Nou ka, nou te ka fè li, kèk nan nou sè yo oswa frè yo. Nou te ka pran yon liv, yon jou, epi gade nan do li, epi sa te di: “Jan ak Mari te viv nan kè kontan pou tout tan.” Ebyen, kimoun ki Jan ak Mari? Kisa ki . . . kimoun ki Jan ak Mari ki te viv nan kè kontan pou tout tan? Gen sèlman yon fason nou pral janm konnen kimoun Jan ak Mari ye; se ke, si se yon kastèt pou ou, tounen al li liv la. Èske se vre? Tounen nan kòmansman an epi li l nèt, epi sa di nou kimoun Jan ak Mari ye.

<sup>197</sup> Ebyen, si Jezi te di, Jezikri Pitit Bondye a, ki te di: “Se poutèt sa, al anseye tout nasyon, batize yo nan Non Papa, Pitit, ak Sentespri a,” e ni *Papa*, *Pitit*, oswa Sentespri se pa yon non, alò, si se yon kastèt, li ta pi bon pou nou tounen nan kòmansman Liv la.

<sup>198</sup> Kounye a ann vire tounen nan chapit 1 nan Matye, e n ap kòmanse la a, bay jeneyaloji yo, jouk li desann nan vèsé 18 la.

<sup>199</sup> Kounye a gade, kounye a gade jis on minit. *Sa* se *Papa* a, sou bò dwat mwen; *sa* nan mitan an se Pitit la; e *sa* se Sentespri a. Kounye a, *sa* se *Papa* Jezikri. Èske se vre? Bondye se *Papa* Jezikri. Nou tout kwè sa? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Trè byen.

<sup>200</sup> Kounye a Matye 1:18 te di:

*Men ki jan Jezikri te fèt. Lè . . . Mari, manman Jezi, te fiyanse avèk Jozèf. Anvan menm li . . . te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l ansent pa pouvwa . . .*  
[Asanble a di: “Sentespri.”—Editè a.]

<sup>201</sup> Mwen te panse ke se *Bondye* ki te *Papa L*.

*Li pral fè yon pitit gason . . . Yo va rele l JEZI: . . .*

*E Jozèf, fiyanse l la, te yon nonm debiyen, . . . pa t gen volonte fè eskandal ak sa. Men li te vle kase fiyansaj la san bri san kont.*

Sou baz sa a, *Li tap kalkile sou jan li tapral fè sa lè li wè yon zanj Bondye parèt sou li nan dòmi. Zanj lan di li: Jozèf, ptit ptit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, ptit l ap pote a se travay . . . [Asanble a di: "Sentespri."—Editè a.]*

<sup>202</sup> Mwen te panse Bondye te Papa Li. Kounye a, èske L gen de papa, frè? ["Non."] Li pa ka genyen. Si Li te sa, Li te yon ptit ilejitim, e ki kalite reliyon nou genyen la a? Nou dwe admèt ke Bondye Papa a ak Sentespri a se yon sèl e menm Espri a. Sèten, se sa L ye. Sèten, Li se yon sèl e menm Espri a. Bon, nou fini, e nou wè sa a.

*Li pral fè yon ptit gason. Yo va rele l JEZI. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche li.*

*Tou sa pase konsa pou . . . te ka rive vre.*

<sup>203</sup> M ap site Lekriti. Noumenm minis yo nou konnen, n ap swiv mwen.

*. . . konsa pou pawòl pwofèt la te pale, pa Seyè a te ka rive vre. Men sa l te di:*

*. . . jenn fi a pral ansent, . . . fè yon ptit. y a rele l Emannwèl. Non sa a vle di: pa entèpretasyon, . . . [Asanble a di: "Bondye avèk nou."—Editè a.]*

<sup>204</sup> "Se Bondye ki avèk nou!" Èske se kòrèk sa?

<sup>205</sup> Alò kisa Non Papa, Ptit, ak Sentespri a ye? [Yon frè di: "Jezikri."—Editè a.] Ebyen, sètènman. Se pou rezon sa a Pyè te batize yo nan Non "Jezikri."

<sup>206</sup> Men, sa pa gade m, si ou te batize nan Non Woz Sawon an, Lis Vale a, Zetwal Maten an, sa se tit, tou. Si kè w dwat anvè Bondye, Li konnen kè w.

<sup>207</sup> Men bon, kounye a, mwen te eksprime sa. Bon, kounye a mwen te di . . . Kounye a Frè Scism te di: "Kounye a!" Byensi, sèten, sa te sanble tankou Initè, kifè li gen rezon ladann pou sa.

<sup>208</sup> Kounye a mwen te di: "Bon isi a mwen vle di nou on bagay kounye a." Ou wè? Mwen te di: "Kounye a mwen vle pwouve nou ke toude mesye sa yo te di menm bagay la."

<sup>209</sup> Bon, Matye te di: "Nan Non Papa a." Èske se vre? [Asanble a di: "Amèn."—Editè a.] Trè byen. E Pyè te di: "Nan Non Seyè a." Matye 28:19 te di: "Nan Non Papa a," e Ak 2:38 te di: "Nan Non Seyè a." David te di: "SEYÈ a te di Seyè mwen an." Kimoun Li te ye? Papa ak Seyè a se menm Non an. David te di: "SEYÈ a te di Seyè m lan: 'Chita sou men dwat Mwen.'" Ou wè: "Nan Non Papa a; nan Non Seyè a."

<sup>210</sup> E Matye te di: “Nan Non Pitit la,” e Pyè te di: “Nan Non Jezi.” Kimoun Pitit la ye? Jezi.

<sup>211</sup> “Nan Non Sentespri a,” se te Matye; e Pyè te di: “Nan Non Kris la,” Logos la.

<sup>212</sup> *Papa, Pitit, Sentespri:* “Seyè Jezikri.” Enben, li jis osi pafè ke l ka ye. Ou wè?

<sup>213</sup> Frè Scism te di m, oswa, Frè Scism, frè Initè a, li te di: “Frè Branham, se vre, men,” li di: “sa se sesi.”

<sup>214</sup> Mwen di: “Alò, sesi se sa.” Se vre. Ou wè? Mwen di: “Si sa se sesi, sesi se sa. Kifè poukisa n ap diskite a?”

<sup>215</sup> Mwen di: “Kite m fè nou yon rekòmandasyon, frè yo. Si mwen janm batize yon moun, men kisa . . .”

<sup>216</sup> Mwen di: “Kounye a, men Doktè Ness.” E nou . . . yon moun te di, sa fè on moman de sa, noumenm frè yo, ke nou te konnen Doktè Ness.

<sup>217</sup> Ebyen, m pral di, isi a, Frè Hicks isi a, li gen yon . . . Mwen panse ou gen yon Doktora. Èske se sa? Trè byen.

<sup>218</sup> Kounye a mwen te di: “Si Doktè Ness, ki chita isi a . . .” Kounye a m te di: “Si mwen te vle . . .” Bon, lè mwen mennen yon moun nan dlo a, pou batize yo, mwen rekonèt sa jis tankou l te fè, mwen te di: “Sa se te tit ki tale ak Non Li.”

<sup>219</sup> Mwen di: “Bon, frè Asanble yo ap itilize tit, e frè Initè a ap itilize yon Non.” Mwen di: “Kounye a m pral pwouve nou, nou toude antò, e mwen gen rezon.” Nou konn kijan n ap gen pou . . . Lè nou gen dèzòm sou tansyon fason sa a, nou dwe gen yon ti sans komik tanzantan, pou on jan relaks on tikal. Kifè mwen di: “Mwen pral pwouve nou ke nou toude antò, e ke m gen rezon.”

<sup>220</sup> Mwen di: “Kounye a e si mwen te vle konsidere Frè Ness, mwen tap di . . .”

<sup>221</sup> Oswa, oswa Frè Hicks isi a, ou wè. Mwen tap di: “Hicks!” Bon, èske sa tap parèt bél? Non. Ebyen, e si m ta di: “Doktè! Ey, Dòk! E pou sa a?” Kounye a, sa sonnen manke respè, pa vre?

<sup>222</sup> “Lè,” mwen te di: “sa se fason noumenm Asanble yo fè, ou wè. Lè noumenm frè Asanble yo di: ‘Nan non Papa a, ak Pitit la, Sentespri a,’ nou jis di: ‘nan non reveran, doktè a.’”

<sup>223</sup> E m di: “Alò, noumenm frè Initè yo, lè nou batize, nou di: ‘Jezi!’” Yo pa itilize . . .

<sup>224</sup> Yomenm, Jezi Sèl yo, yo jis itilize non “Jezi” a. Gen jis anpil Jezi. Men, Se Seyè Jezikri a, nou wè. Gen anpil . . . Batize nan non “Jezi,” mwen sètènman pa dakò avèk sa; pa gen okenn Ekriti. Pran orijinal la, wè si se pa “Seyè Jezikri.” Sètènman, Li se Seyè Jezikri a. Gen anpil Jezi, sètènman. E Kris la se “Wen” an.

<sup>225</sup> Mwen di: “Kounye a, si mwen ta pral di Frè Ness memm bagay la. Mwen tap di, èske sa tap parèt byen pou m di: ‘Ey, Ness!?’” Mwen di: “Se fason sa a noumenm Initè yo tap di l. Ou

wè? Èske sa pa tap yon manke dega derespektan pou nonm sa a ki te etidye, epi li gen yon Doktora? Si li etidye di pou sa, li ta dwe gen tit sa a.”

<sup>226</sup> E m te di: “Alò si mwen te di: ‘Ey, Dòk!’” Mwen di: “Èske sa pa tap parèt raz, pou yon minis adresé l konsa a yon lòt?” Oswa, mwen te di: “Se jis fason ke nou fè l la, sèlman sou kote avèk tit la.”

<sup>227</sup> Men mwen te di: “Lè mwen mennen yon nonm nan dlo a, mwen avanse la a epi m mande li, epi m pale, epi m mande l non li epi ki moun li ye, ak lafwa li.

<sup>228</sup> “Apre sa mwen priye, epi m di: ‘Kounye a, Papa, jan Ou te komisyone nou pou n “ale nan tout mond lan epi fè disip nan tout nasyon, . . .’” Noumenm frè yo konnen sa se orijinal la, ou wè. ““ . . . fè disip nan tout nasyon, batize yo nan Non Papa a, ak Pitit la, ak Sentespri a; anseye yo pou obsèvè tout bagay ke Ou gen . . . tout bagay ke Ou te anseye nou.””

<sup>229</sup> “Kifè alò mwen te di: ‘Sou konfesyon lafwa ou; sou konfesyon peche w yo, ak lafwa ou nan Pitit Bondye a, mwen batize ou, frè byenneme mwen, nan Non Seyè Jezikri a.’”

<sup>230</sup> Mwen te di: “Se fason sa ke mwen batize. Mwen rekonèt alafwa tit Li yo, kisa L te ye, alafwa Papa, Pitit, ak Sentespri. E rezon ki fè Jezi te di sa, se te . . .”

<sup>231</sup> Kounye a gade. Si—si se pa sa, nou gen yon kontradiksyon nan Ekriti nou an; nou gen yon kontradiksyon. E kisa nou pral fè lè . . . E si frè Boudis sa a ta leve epi di sa, “E sa a?” Kisa yo te di lè yo te rakonte m . . .

<sup>232</sup> Lòtbò la a, lè frè Endyen sa a te bay Morris Reidhead defi, epi li te di l, li te di: “E sak pase ak Mak 16?” Li te dwe rale kò l sou sa.

<sup>233</sup> Nou pa gen pou n rale kò n sou anyen. Sa se Pawòl Bondye. Rete avè L. Jis priye. Resewwa revelasyon an. Tout fonksyone menm jan.

<sup>234</sup> Ou wè, yo toude ap di bagay la, kounye a; pa tit yo; pa yon fason dirèk. Mwen te di: “Kounye a . . .”

<sup>235</sup> Mwen te rekonèt Li. Li te Papa a; pa yon lòt Bondye. Li te Pitit la; pa yon lòt Bondye. Menm Bondye a! Nou . . . Se twa fonksyon. Bondye nan dispansasyon Patènité a, si nou vle rele li, Patènité a; Filyasyon; e se menm Bondye a nan nou kounye a: “M ap avè nou.” “Mwen” an, pwonon pèsònèl la, “M ap avè nou.” Kifè, nou wè, se twa fonksyon, pa twa Bondye.

Kounye a, frè, si disip yo pat janm itilizel, e ensideswit . . .

<sup>236</sup> Mwen pa di anyen kont li. Se kòrèk. Mwen di nou, si yon nonm te vin isi a, te batize nan non “Woz Sawon an, Lis Vale a, ak Zetwal Maten an,” e li te kwè Jezikri kòm Sovè li, mwen tap di: “Bondye beni w, frè! Vini, ann ale!” Ou wè? Se vre. Paske,

si kè nou pa dwat, nou pa dwat, tout jan. Egzakteman vre. E kè nou—nou dwe dwat.

<sup>237</sup> E mwen te di: “Kounye a gade. Bon, si mwen ta pral salye Frè Ness isi a, mwen tap di: ‘Reveran Doktè Ness.’ Se egzakteman sa. Li se yon minis. Yo ta dwe konsidere l kòm yon reveran. Li te etidyé, e anpil etid. Li gen yon Doktora, kifè yo ta dwe rele l ‘doktè.’ Se tit li sa, ou wè. E non li se ‘Ness,’ poutan. Bon, mwen pa tap di: ‘Ey, Ness! Ey, Dòk!’ Non, sa pa tap kòrèk. M tap di: ‘Reveran Doktè Ness.’”

<sup>238</sup> “Ou wè, se sa m ap rele, ou wè, sa Li ye a; alafwa Papa, Pitit, ak Sentespri: ‘Seyè Jezikri a.’” Ou wè?

<sup>239</sup> E mwen te di: “Si mwen janm batize youn nan tout legliz nou yo, se fason sa m ap batize yo.” Mwen te di: “Èske w tap resevwa li, Frè Ness?”

<sup>240</sup> Li te di: “Sètènman. Li batize nan Non Papa, Pitit, ak Sentespri a.”

Mwen te di: “Èske w tap resevwa li, Frè Scism?”

Li te di: “Sètènman, li batize nan Non Jezi.”

<sup>241</sup> Mwen te di: “Alò ki pwoblèm nou, frè yo? Poukisa nou pa asepte sa, epi kraze miray sa yo kote pòv èt imen sa yo . . . ? Initè a vle, vrèman, kongregasyon yo, yo vle adore ak Asanble yo. E Asanble yo, kongregasyon an, vle adore ak Initè a. E se fason sa a frè yo ye. Se fason sa a yo ye. Men toutotan dyab la ka fè yo goumen . . . ”

<sup>242</sup> Kounye a nou wè kisa mwen vle di, frè yo? M ap dirije nan direksyon gress bagay sa a, Jezikri, ak linyon Kò Jezikri a. Se sa objektif mwen ye.

<sup>243</sup> Bon, mwen pa di anyen sou: “Ey, nou pa batize nan Non Jezi; nou pral nan lanfè.” Kounye a, sa san sans.

<sup>244</sup> Mwen pral di nou kisa ki te pase lòt jou a. Mwen te laba a nan Texas. Anvan m pati . . . E frè yo—yo isi a temwen sa a. Legliz Initè a, swasann douz legliz, te parene reyinyon m lan. E mwen mete Frè Petty, frè Asanble de Dye a, anwo sou lestrad la jou swa sa a. Bon, nou konnen se vre. Li se yon frè presye, Frè Petty, si nenpòt nan nou konnen l, li soti Beaumont, Texas. Li se youn nan nonm ki pi debyen mwen te janm rankontre. Madam li te yon Katolik konvèti, yon vrè fanm sen. Li se yon vrè òm de Dye.

<sup>245</sup> Di m kimoun ki yon nonm pi debyen pase Roy Wead, nan Asanble de Dye yo. Mansyone nenpòt nan mesye sa yo, gad isi a, tout frè sa yo mwen konnen bò isi a. Frè ki sot nan legliz Filadèlfia a isi a, ak dèzòm Asanble de Dye yo, e kiyès ki moun ki pi debyen yo? Di m ki kote. Di m kimoun ki yon nonm pi debyen pase Jack Moore? Di m sa. Li se yon sa yo rele . . . Yo fè pati de yo. Li pa yon radikal. Ou jwenn radikal sou toude bò yo; e se kote moun yo pwente, e se kote dyab la pwente.

<sup>246</sup> Men yo tout se dèzòm de Dye. Bondye ba yo Sentespri a. Si se pat pou gras Bondye, nou tout tap fini, ak diskisyon nou yo ak tout bagay. Se egzakteman vre. Men gras Bondye a mare nou ansanm. Pa etonan nou ka chante: "Beni lyen an ki mare kè nou nan lanmou Kretyen." Se sa nou bezwen, lè sa a.

<sup>247</sup> E kifè nou konn kisa? Sientandan Jeneral la sou legliz la—la, te rele m, e l te di: "Èske w te konn kisa w te fè yè swa?" Dezyèm sware mwen laba a.

Mwen te di: "Kisa?" Mwen te di: "Nou te gen yon reyinyon mèveye."

Li te di: "Ou te gen yon nonm sou lestrad ou ki te yon pechè."

Mwen di: "Mwen pat konn sa." Ki kote te . . .

Li te di: "Mesye Petty sa a."

<sup>248</sup> "O," mwen di: "yon pechè? Kisa?" Mwen di: "Li se yon predikatè Asanble de Dye, frè."

<sup>249</sup> Li di: "Wi, men li toujou yon pechè, paske li pat byen batize."

<sup>250</sup> Epi m di: "Frè, tanpri di m poukisa." Mwen di: "Li gen Sentespri a."

<sup>251</sup> Li te di: "Frè Branham, kisa ke Pyè te di? 'Repanti, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo.' Se poutèt sa peche nou yo pa ka padone jiskaske nou batize nan Non Jezi."

Mwen di: "Èske se fòmil la sa, frè m?"

Li di: "Se fòmil la."

<sup>252</sup> Mwen di: "Bondye boulvèse Pwòp plan Li alò, nan Ak 10:49, paske: 'Pandan Pyè tap pwononse pawòl sa yo poutan, Sentespri a te tonbe sou sila yo ki te tande Pawòl la,' ou wè, e yo pat jamm batize, ditou. Alò, Bondye bay Sentespri a a moun ki pat menm konvèti?" Mwen di: "Ki kote nan mond lan ou kanpe kounye a?"

<sup>253</sup> Li te di: "Ou konnen kisa ke nou pral fè?" Li te di: "N ap trase yon ti wonn, epi n ap trase l pou ke ou ka deyò sèk nou an."

<sup>254</sup> "Apre sa," mwen di: "Mwen pral trase yon lòt, pou ke nou retounen drèt ladann ankò." Mwen di: "Nou pa ka fè m soti, paske mwen renmen nou. Ou wè, nou jis pa ka fè l." Mwen di: "Gen twòp nan frè nou—nou yo deyò la a ki renmen m epi ki kwè nan mwen." Mwen di: "Nou, m ap—m ap . . . Y ap vini, kanmenm." Mwen di: "Y ap vini. E nou pa ka fè m soti. Si nou fè m soti, m ap fè nou tounen ladann." Mwen di: "Lè nou fè yon sèk, Bondye, pa gras Li, ap kite m trase yon lòt epi rale nou tounen drèt ankò." Se vre, trase youn pou fè yo tounen drèt ankò.

<sup>255</sup> E, frè, o, nan Non Kris se pou m di sa. Mwen—mwen gen . . . Mwen konnen m ap mize nan tan isi a; e li jis apeprè tan pou fenmen, m sipoze, men kite m jis di sa, ou wè.

<sup>256</sup> E mwen te di nonm sa a, mwen te di: "Mwen tap dakò avèk nou toutotan nou tap preche Lèzekriti, epi gen lanmou, epi nou

kwè ke—ke . . . epi nou preche epi nou di nou tap batize moun . . . pa nan non ‘Jezi,’ Jezi sèlman. Non, mesye. Se sèten mwen—mwen pa tap dakò avèk sa, paske mwen konn plizyè Jezi; mwen konnen yo an Afrik ak nan diferan plas, moun ki rele Jezi. Men si n ap itilize tèm ‘Seyè Jezikri’ nou an, M ap dakò avèk nou sou sa. Se trè byen. M ap kenbe fém avè nou. Mwen panse nou ta dwe mete ‘Papa, Pitit, ak Sentespri’ an premye, ou wè, pou fè l kòrèk.” Mwen di: “Mwen panse nou ta dwe fè sa.”

Men li di: “O, non, non! Sa, sa se tounen nan trinite.”

Mwen di: “Se pa yon trinite. Se yon sèl Bondye nan twa fonksyon.”

<sup>257</sup> Se pa yon trinite, twa Bondye. Nou pa gen okenn twa Bondye. Sètènman non. Pa gen okenn bagay konsa. Sa pat anseye nan Bib la. E gen sèlman yon sèl Bondye. “Tande, O, Izrayèl, Mwen se Seyè Bondye nou an.” Yon Sèl Bondye! Premye kòmandman: “Ou pa dwe gen okenn lòt bondye devan Mwen.” Sètènman, Li se yon sèl Bondye, pa twa.

<sup>258</sup> Sa se yon vèsyon Katolik de sa; e sa te, pase de Katolik yo al nan Literyen yo, e sa kontinye, e latriye, e yo kwè sa jeneralman nan mitan moun yo jodi a ke nou gen twa Bondye.

<sup>259</sup> E se kote nou p ap janm . . . Levanjil sa a p ap janm al jwenn Jwif yo . . . Ké, mwen te pwofetize lòt jou maten an bay on misyonè Jwif la a. Nou p ap janm ka pote yon Bondye trinite bay on Jwif. Nou p ap janm fè sa. Se ke, li pa; li gen pi bon sans pase sa. Ou wè, li konn plis sou Bib la pase sa. Men Li p ap janm yon Bondye trinitè, pou yon—pou yon Jwif. Si n ap kite l konnen Se menm Jewova a, l ap resevwa l touswit. Sèten! Se sa, ou wè.

<sup>260</sup> E mwen kwè tout sa. Jan Joseph te di: “Frè, pa fache ak tèt nou, paske Bondye te fè sa,” nou wè. Paske—paske bagay la ki . . . Konsa li te ka tann jouk tan sa a, se tou, paske laj Moun lòt Nasyon nou an jis prèske fini. Bon, mwen kwè sa ak tout kè nou. Kifè èske nou wè, frè m yo? M ap eseye fè yon bagay pase, ke, gwoup moun sa a, ak dézòm ki gen batèm Sentespri a.

<sup>261</sup> Gwoup Aimee McPherson lan, kisa l te fè? Anvan li te yon Initè, mwen kwè; apre sa li soti epi li vin jwenn Asanble yo; apre sa li te rale kò l epi li te òganize tèt li on fason diferan; isi a sa pa fè lontan, li te mete yon ti gwoup an plas, yon ti bagay.

<sup>262</sup> Mwen te chita nan reyinyon O. L. Jaggers lan. Bon, nou tout konn O. L. Jaggers. Papa li—li te ede pou fonde Konsèy Jeneral Asanble de Dye yo. Kounye a, O. L. se yon gran òm. Li se yon gran predikatè. Mwen te di l, sa pa fè lontan, mwen te di: “Frè Jaggers, si mwen te ka preche tankou w fè l la, mwen pa tap janm menm gen yon sèvis gerizon.” Men li te gen tout san ak diven sa a, ak bagay konsa, lè li te fèk kòmanse lòtbò la a.

<sup>263</sup> Eskize m, si m ap blese santiman nou yo, frè, sou sa. Mwen—mwen . . . Se kòrèk. Bondye ka fè san vini, diven vini, oswa lwil

vini, kèlkeswa sa L vle a, men sa pa padone peche. Non, mesye. Non, mesye. Non, vrèman pa. “San Jezikri a p ap janm pèdi pwisans Li, jouk tout Legliz rachte Bondye a sove, pou L pa peche ankò.”

<sup>264</sup> Mwen te di: “Frè Jaggers?” Mwen te pran li; mwen te rele l. E mwen te avèk Omdafè Kretyen yo. E mwen te di, mwen te di: “Frè O. L.?”

<sup>265</sup> Li di: “Ki kote nan mond lan ou ye?” Mwen te nan yon ti motèl bon mache laba a. E l te di: “Ou vle di m yo mete w la?”

<sup>266</sup> Mwen di: “Sa se dezi pa m. Lè mwen vin kote w,” mwen di: “kisa w te fè? Ou mete m lòtbò la a nan Statler Hotel, e mwen te jis dwe kanpe nan kwen an. Yo fè m chita sou tab la; mwen pat konn ki kouto pou m itilize, oswa anyen lòt. E mwen pat . . . Te desann pa la a, san yon manto sou mwen, yo te vle chase mwen.” E mwen te di: “Mwen—mwen pa konn kijan pou m jere tèt mwen.”

Li te di: “M ap mennen w lòtbò la a, si yo twò pòv pou fè sa.”

<sup>267</sup> Mwen te di: “Non, mesye.” Mwen di: “Sa mwen vle fè se pran yon stek avè w, si w ap peye pou li.”

Epi l di: “Trè byen.”

<sup>268</sup> Kifè lè sa a nou te soti al nan yon plas, epi nou chita. E m te di: “Frè Jaggers, mwen sètènman admire pa w . . .”

<sup>269</sup> E li se yon zanmi trè chè a mwenmenm, yon presye frè. E mwen—mwen te gen ti panflè li a, e li . . . kote li te gen madanm sa a ki jis vini bò isi a sot lòtbò dlo, ki te gen san sa a nan men li, ak bagay konsa. Kifè mwen te genyen l anndan isi a. Mwen te jis vle l renye sa yon fwa, epi mwen te genyen l dwat sou—sou papye li, nou konnen.

<sup>270</sup> Mwen te di: “Mwen remake kote nou prale dwat la a, nou gen, nou pral gen yon gwo revèy kap kòmanse.” Paske, Omdafè yo te fè m vin bò la a, byensi.

<sup>271</sup> Sanble ke moun yo tap konnen. Si Sentespri a ka revele sou lestrad la, èske Li pa ka di m kisa k ap pase nan plas yo, frè?

<sup>272</sup> Mwen ka di nou, mo pou mo, e pwouve l pa Frè Carlson, ak frè sa a *isi a*. Mwen te chita nan reyinyon an, yè, e m te di frè sa yo kisa k tap fèt isi a maten an. Se vre. Egzakteman. Ou wè? Paske, Sentespri a te leve m, epi te di: “Kanpe bò fenèt la.” Mwen te gade, fenèt la, epi L te montre m jis egzakteman *sa*. Mwen te di: “Kounye a, frè . . .” [Yon frè di: “Se vre.”—Editè a.] Mwen te montre nou sa, egzakteman vre. La a! Ou wè?

Enben, yo ta dwe konn sa.

<sup>273</sup> Isi a sa pa fè lontan, yon nonm te leve, isi a nan Chautauqua a, epi li te di: “Frè Branham se yon pwofèt.” Mwen pa pretann m se okenn pwofèt. Ou wè? Men li te di: “Frè Branham, se yon pwofèt lè l anba Espri disèneman an, men,” li te di, “o, Doktrin

li se pwazon. Fè atansyon ak Sa.” Mwen te panse, ke yon nonm edike, ta di on bagay konsa?

<sup>274</sup> Kisa yon *pwofèt* vle di? “Yon entèprèt Diven de Pawòl la.” “Pawòl Seyè a te vin jwenn pwofèt la,” nou wè. Men, jis sa, se pa nonplis yon bagay pou di isi a.

<sup>275</sup> Men, tout jan, Frè Jaggers. E m te di, li te di, o . . . Mwen te di: “Mwen te wè osijè madanm sa a ki te gen san sa nan men li a.”

<sup>276</sup> “O,” li te di: “Frè Branham, sa se bagay ki pi fenomenal ou te janm wè!”

<sup>277</sup> Mwen di: “Frè Jaggers, mwen renmen w. Dabò, mwen vle w mete men m nan pa w. Ann di nou se frè.”

Li te di: “Sèten. Kisa k pwoblèm lan?”

<sup>278</sup> Mwen te di: “Ou se youn nan predikatè ki pi pwisan ke m konnen. Ala yon—ala yon enstriman pou Bondye ke w ye!”

<sup>279</sup> Li te di: “Mèsi, Frè Branham. Ou vrèman enb.”

<sup>280</sup> Mwen te di: “Mwen p ap di sa pou m enb. M ap di sa paske mwen kwè li. Ou se sèvité Bondye.” Men m di: “Frè Jaggers, amwenske ou . . . W ap—w ap kouri sou twòp bagay; ou pa gen yon kontrepwa pou sa w ap pale a. W ap baze . . .”

<sup>281</sup> E men kisa k pwoblèm lan ak anpil nan nou Asanble de Dye yo, ak lòt mesye, sou sèvis gerizon sa yo. Mwen pa blame nou. Gen tèlman anpil ki aple . . . E Tommy, isi a, se yon bon frè, e nou konnen kijan li kanpe solid. Men gen tèlman anpil nan peyi a jodi a ki anba non gerizon Divin lan, pa etonan nou pa vle parene yon reyinyon nan vil la. Yo vini epi senyen moun yo, epi y ale. E kisa yo genyen? Yo pa bay moun yo on tikras plis pase sa nou fè depi sou lestrad la, sot sou pwòp chè nou. E nou gen rezon, frè. M ap di nou, nou gen rezon. Men se jis tankou . . .

<sup>282</sup> Mwen tap li istwa Martin Luther a. Li te di: “Se pat yon mistè ke Martin Luther te ka pwoteste kont legliz Katolik la, epi li rale kò 1 anba 1.” Nou te li istwa li. “Men Martin Luther sa a te ka kenbe tèt li anlè tout fanatis ki te swiv revèy li a, men sa mistè a te ye.”

<sup>283</sup> E lè fenomèn lan fini, ensikorsi yo swiv, jis tankou sa te ye an Ejjip. E li toujou lakòz pwoblèm nan peyi a. Nou konn sa, lè nou rive laba a. La a, Kore te leve, e Bondye te dwe detwi sa. Men, frè, mwen pa blame nou.

<sup>284</sup> Frè Jaggers chita la a e te eseye di m ke sa se te Sentespri a ki tap fè sa. E li te di . . . Epi mwen te gen, nan pwòp papye li . . . Mwen te di: “Frè Jaggers, kounye a,” mwen te di: “Mwen se yon élèv setyèm ane. E ou se yon Doktè an Divinite, e ou te etidye pou w te yon avoka. Yo te leve w nan yon legliz pwòp, desan, Asanble de Dye yo. Papa w te ede pou fonde lafwa sa a. E w ap rale kò w, sa depann de ou.” Men mwen te di: “Sa depann de nenpòt nonm, ki vle fè sa. Mwen pa trase okenn liy la a. Men lè sa rive

nan yon pwen ke yon enstriman tankou w, ki te ka genyen plizyè milye nanm pou Kris, ou tap bati ministè w sou yon sansasyon.” Mwen di: “Frè Jaggers, ou bati yon kolòn tankou *sa*, si ou pa gen yon kontrepwa pou sa, l ap tonbe apre on moman. E ou dwe gen Lekriti pou sa w ap pale de li a.”

Li te di: “Gen Lekriti.”

Mwen di: “Pwodwi l.”

<sup>285</sup> Li di: “Ebyen, Frè Branham,” li te di, “se Sentespri a kap fè sa.”

<sup>286</sup> Mwen di: “Montre m Lekriti a kote Sa te di, Sentespri a te janm fè san sot sou on moun, e latriye, konsa. Jis montre l; lwl vide sot nan yo. Ou te di: ‘Lwil sa a se te pou gerizon Divin.’ E ou te di: ‘San madamm sa a tap lesali pou nasyon yo.’” Mwen di: “Si se sa, alò kisa k te rive San Jezikri a? Li retire. E nenpòt bagay ki kont Sa, se anti. Li kont Sa.” Mwen di: “Li vin yon doktrin antikris.”

“O,” li di, “Fre Branham, w ap aprann yon jou.”

<sup>287</sup> Mwen di: “Mwen espere mwen pa janm aprann konsa. Kounye a, frè,” mwen di: “mwen renmen w, e ou se frè m.” E mwen di: “Frè Jaggers, ou pral rive sou on branch, apre on moman, ke ou pa ka tounen sot ladann. Tounen nan legliz ou, epi tounen epi rete ak Levanjil la.” E mwen di: “Pa bati l sou sansasyon.” Mwen di: “La . . .”

<sup>288</sup> Kounye a li gen, l ap batize pou Lavi Etènèl, nou konnen, “Chak fwa nou batize, nou tounen vin yon jenn fanm oswa yon jenn gason. Kounye a sa pral . . . Ou pa pral (janm) mouri.” Kifè, sa, li, li sou bout branch lan kounye a menm; ak “konprime vitamin sa yo ki sot nan Lamè Mòt la.” Nou wè? Men se sa l ye, frè, ou kòmanse ak ti sansasyon sa yo.

<sup>289</sup> E noumenm mesye isi a ki gen legliz sa yo, nou kite yon bagay konsa antre nan vil la, e, nou konnen, dyab la rize, e li—li sote sou bagay sa yo konsa. Li diskite sou sa. E li—li fini ak moun yo, epi li lakòz konfizyon nan legliz la, ak tout bagay. Men se pa sa.

<sup>290</sup> Bon, isi a. Sa pa empòtan nan ki pwen nou gen rezon, men yon bagay ke nou echwe epi rate, frè m yo. Kounye a m ap fenmen, antan m ap di sa. Sa pa empòtan nan ki pwen mwen gen rezon, ak nan ki pwen mwen selon Lekriti, e nan ki pwen mwen konnen osijè Bib Bondye a; si mwen pa gen Lespri Bondye a, lanmou, nan kè m, pou tout ras imen an ak tout, alò mwen antò pou kòmanse.

<sup>291</sup> Kounye a, Pòl te di, nan En Korentyen 13: “Menmsi mwen gen konesans, ou wè, e m konprann tout mistè Bondye yo, ou wè; anba tout, kanpe; e pa gen charite, mwen pa anyen. E menmsi mwen pale ak lang lèzòm ak pa zanj yo,” sa se sila yo ke nou pale ak Bondye, e toujou sa yo ki pa ka entèprete. “Menmsi mwen pale ak lang, lang otantik lèzòm ak zanj, e m pa gen charite, lanmou, sa pa pwofite m anyen.” Kifè si mwen konn tout mistè Bondye yo,

epi m ka dewoule yo epi—epi fè yo tout frape ansanm, e mwen pa gen lanmou, ki byen sa fè? È lè mwen . . .

<sup>292</sup> Jezi te di: "Sa ap fè tou lèzòm konnen ke nou se disip Mwen, lè nou gen . . ." lè Asanble yo gen lanmou pou Initè yo, epi Initè gen lanmou pou Asanble yo, "lè nou gen lanmou, youn pou lòt," ke nou gen rezon oswa nou antò. E toutotan objektif la pa bon, motif la pa bon, pito, alò nou antò pou kòmanse. Èske se pa vre? Ou wè: "Menmsi mwen pale ak lang lèzòm ak zanj, epi m pa gen charite, mwen poko anyen." Paske, Bondye se lanmou. Nou konn sa.

<sup>293</sup> E mwen kwè nan pale an lang. Kounye a, yon moun te di: "Frè Branham pa kwè nan siy inisyal la." Mwen ta renmen mete sa klè avè nou kounye a. Ou wè? M ta renmen di nou.

<sup>294</sup> Mwen kwè ke lè yon nonm resevwa Kris, li resevwa yon pòsyon nan Sentespri a. Paske, Jezi te di, nan Matye chapit 12 la—la, nan chapit 5 la ak venn—. . . vèsè 24 la, Li te di. Non, mwen kwè se Sen Jan 5:24. Li te di: "Sila ki tande Pawòl Mwen yo, epi kwè nan Sila ki te voye M, gen Lavi Etènèl." Kounye a, gen sèlman yon sèl fòm Lavi Etènèl. "E pa vin nan kondanasyon an; men li pase de lanmò a Lavi."

<sup>295</sup> Kounye a, mwen kwè ke okenn nonm pa ka rele tèt li; Bondye dwe rele l. E si Bondye te vrèman rele li . . . E gen anpil moun, nou konnen, frè, ki ajite epi panse ke Bondye te rele li, men lavi yo byento . . . jwenn, nou dekouvri l. Men si Bondye te rele w, enben, ou se, w ap la a, e w ap rete la a, ou wè, konnen. Epi si . . . Bon, sa se pa doktrin Batis. Nou konn sa, ou wè.

<sup>296</sup> Men, mwen pa kwè nan bay lanmen epi gen sekirite Etènèl, ak tout bagay sa a. Mwen—mwen pa kwè nan sa, pa ditou. Si yo vle kwè sa, ebyen, se kòrèk. Mwen toujou di yo se frè m.

<sup>297</sup> Maten an, si mwen ta pral mande on moso tat, (ke li prèske lè pou dine), mwen ka renmen seriz, e nou te ka pran pòm, men nou toude ap manje tat. Ou wè? Kifè li pa fè okenn . . . toutotan n ap manje tat.

<sup>298</sup> Se fason sa nou kwè. Si nou vle yon Initè, se pou n yon Initè; si nou vle Asanble de Dye, se pou n Asanble de Dye. Si nou vle pou n kèlkeswa sa nou ye a, Batis, Presiberyen, se pou nou yon Kretyen nan sa. Ou wè?

<sup>299</sup> E—e chache l pou tèt pa nou, men pa diskite youn ak lòt. Paske, ti bagay sa yo, yo tout koresponn ansanm. Se vre. Yo tout koresponn ansanm epi yo vin rive nan grenn plas sa a.

<sup>300</sup> E—e sa pa empòtan kisa nou fè, konbyen mirak nou ka fè, konbyen mòn nou ka deplase, oswa kèlkeswa sa l ye a, jiskaske nou vin nan yon plas kote nou renmen, pa pran pòz, men nou renmen youn lòt. Lè nou renmen chak frè, kèlkeswa legliz li fè pati de li a, nou renmen li; pa jis pretann nou renmen l, paske nou konnen se yon lide reliye, se: "Nou sipoze fè sa." Men, paske

nou fè l, nou renmen youn lòt; alò, n ap soufri ak pasyans, n ap sipòte youn lòt.

<sup>301</sup> E mwen kwè, nan Kolosyen 3, apeprè 9, yon kote la a nan la a... Mwen te ka, mwen—mwen pa... Mwen te ka twonpe m sou Lekriti a, men Li te di sa. Apre nou vin yon Kretyen, nou pa ta dwe gen lanvi. Ou wè? Nou pa ka gen lafwa lè n ap eseye bay respè ak lonè youn a lòt. Ou wè, nou pa ka fè sa; nou pa ka gen lafwa. Nou dwe onore Bondye, ou wè, onore Li. Kwè nan frè m yo, sèten, se lanmou; men respè yo ak diyite al jwenn Bondye! Kanta pou... Men gen yon lafwa ak konfyans youn nan lòt. “Epi pa bay youn lòt manti.” Ou wè? “Pa bay youn lòt manti.” Si mwen di nou maten an: “Mwen renmen nou,” mwen dwe panse sa. Si se pa sa, mwen se yon ipokrit. Se egzakteman sa.

<sup>302</sup> Kounye a, frè, nan liy sa a... Kounye a, Frè Tommy, mwen espere mwen pat kenbe twò lontan isi a. Mwen... Frè Tommy gen yon bagay pou l di jis nan yon segonn. Men mwen te ka di sa, lè mwen vin nan mitan nou...

<sup>303</sup> Mwen kwè sa. Mwen kwè ke Bondye Papa nou te kouvri yon vyèj ki te rele Mari ak lonbray, e te kreye nan li yon selil San ki te bay nesans a Jezikri, ki te Pitit Bondye a, tabénak ke Bondye te vwale Tèt Li ladann, nan lachè, te manifeste Tèt Li nan mitan nou. “Bondye te nan Kris, ap rekonsilye mond lan avèk Tèt Li.” Mwen kwè ke selil San sa a te brize sou Kalvè a, pou padon peche nou yo. E Lespri a te soti nan Li e te tounen sou Legliz la, paske, Kris la, Sentespri a; Kris la, Logòs la, te nan nou kounye a, Sentespri a, pa batèm lan. Ap fè nou... Kris te separe Tèt Li, ap bay Lavi L a chak gress nan nou, konsa nou, kòm yon gwoup moun, te ka Legliz Bondye a. E sa pa fè lontan...

<sup>304</sup> Mwen te konn monte chwal. Nou konn sa. Papa m te yon kavalye, gran tirè. Mwen te konn monte chwal. Nou te gade bêt yo—yo...nan Vale Arapaho a, oswa mwen vle di Rivyè Troublesome, bò lòt kote Patiraj Arapaho yo. Se Asosyasyon Hereford la ki bay manje zèb nan vale sa a. E sou vale sa a, elvè yo, yo—yo tèlman gen anpil zèb yo ka leve. E lè yon ranntch ap pwodwi otan ke yon tòn zèb, nou ka fè yon vach fonksyonne sou-sou patiray la, jis anba Pak Estes la a, e nou ka mete yon vach sou pa-... Gran teren lachas mwen yo, anndan la a. E mwen te kòbòy anndan la pandan en an. Mwen ale ankò, nan prentan ak otòn, lè mwen gen konje epi m kapab, epi m fè rasanbleman, jis pou m anwo la a, paske mwen renmen monte chwal. E sou tout longè ran... vale sa a, gen yon gwoup kòbòy ki gen dwa antre isi a, epi pou nouri bêt pa yo. E nan sezon prentan an, anpil fwa, mwen te ede yo rasanble bêt yo epi kondwi yo laba a.

<sup>305</sup> E gen yon kloti pou betay, kote yo pa ka devye al sou pwopriete prive yo, antan y ap travèse patiray la. Jouk... E kòbòy la kanpe la a epi l konte bêt sa yo lè li antre, lè yo antre. E mwen te chita, plizyè jou, lè apre lè, ap gade twoupo Mesye

Grimes yo k ap antre, li te gen Diamond Bar la; pa nou yo se te Turkey Track la; e yo te gen Tripod la—la jis anba nou an; ak pa Jeffrey yo, e latriye. Epi lè mwen tap mete janm mwen, jan anpil nan nou konnen, anlè kòn sèl la, epi m te chita la a epi m tap gade kòbòy sa a antan l te kanpe la a, ap konte bêt sa yo.

<sup>306</sup> Mwen te remake yon bagay. Li pat bay anpil atansyon a mak ki te sou li a. Men gen yon bagay li te vrèman chache, se te etikèt san an. Li te dwe yon Hereford san pi oswa li pat ka al dèyè kloti sa a, men mak la pat fè anpil diferans.

<sup>307</sup> E mwen panse ke se konsa sa pral ye nan Jijman an. Li pa pral gade mak nou, men L ap chache etikèt San an.

<sup>308</sup> Mwen te fè erè pa m, frè, e mwen te fè tèlman anpil bagay ki pa bon. E si yon lè sou wout la mwen te pote, oswa nou te tandem yon bagay ke mwen te ka mansyone oswa te di, ki ofanse yon fason, oswa si mwen te di yon bagay maten an ki ofanse, mwen mande nou, kòm yon frè oswa yon sè Kretyen, padone mwen. Se pa nan entansyon m pou m fè sa. Mwen te sèlman vide kè m ban nou, pou ke nou te konnen.

<sup>309</sup> Si gen batèm ki pou fèt, noumenm frè yo fè l, noumenm, ou wè. Sa se, mwen—mwen pa fè l. Si mwen tap fè l, se fason sa a m tap batize, moun lan konsa. E nou toulede kap aksepte l, ou wè. Kifè nou ka pran moun lan, yo batize nan Non Papa, Pitit, ak Sentespri a, e yo batize nan Non Seyè Jezikri a, tou. Kifè si mwen janm batize youn... men mwen potko fè l. Mwen sèlman batize nan pwòp legliz mwen, e sa se jis moun laba yo. E se fason sa a moun yo nan legliz mwen batize. E si n ap gade dèyè, sa se ansyen rityèl Misyonè a, ansyen rityèl Misyonè Batis la. E kounye a si... Se sa.

<sup>310</sup> Mwen kwè nan gerizon Divin. Mwen kwè nan batèm Sentespri a. Mwen kwè nan—nan Sentespri a kap pale an lang. Mwen kwè nan chak don ke Bondye te bay Legliz Li. Mwen pou yo, san pouzan. Men mwen kwè...

<sup>311</sup> Mwen pa pou anpil nan gerizon sansasyonèl ke n ap pale de yo bò isi a la jodi a. Mwen ta jis renmen fè yon remak isi a. Kèk tan de sa te gen yon frè... E se pat presye Frè Tommy Hicks mwen an, ke mwen konsidere kòm yon vrè sèvitè Kris. Te gen yon lòt mesye nan yon lòt peyi, e nan peyi sa a te gen yon... Li pat sispann, se te tout tan: “Gerisè sansasyonèl Bondye a! Gerisè sansasyonèl,” nou konnen, konsa.

<sup>312</sup> E m te resevwa yon lèt apre nonm lan te...nan men legliz Literyen. E sekretè m lan isi a konnen nou genyen l nan dosye nou. Mwen p ap site non mesye a, paske sa pa sanble Kretyen. Menm lè, mwen pa dakò ak lide mesye a, men se pafètman kòrèk. Mwen renmen li. Li se frè m.

<sup>313</sup> Men sa jis rive nan yon pwen kote yo jis dwe gen yon jan de sansasyon, oswa eksitasyon, oswa yon lòt bagay konsa, ou wè. E, sa, sa pa bon, ou wè. Frè... “Egzèsis pou kò fè on tikal toupiti.”

<sup>314</sup> E kifè minis Literyen sa a te tounen ekri minis sa a yon—yon—yon lèt. Epi l te di: “Noumenm evanjelis Ameriken yo ki vin isi a,” li te di, “ak tout gerizon sansasyonèl nou an pou tout moun!”

<sup>315</sup> E kounye a sa sanble tankou m ap voye flè sou tèt mwen, men Bondye konnen mwen pa panse l nan fason sa a. “Men,” li te di, “lè—lè ti Deborah Stadsklev te mouri, bebe sa a, epi manman sa a te kanpe la a jou sa a nan India- . . . nan Kalifoni, kote bebe sa ki te mouri, epi ki te frèt. Epi te wè . . . te lonje bebe sa a nan bra Frè Branham, epi limenm li te kanpe la a epi li t ap priye pou li. E bebe a te kòmanse ap rele epi ap tire kout pye; epi l te remèt li l.”

<sup>316</sup> Li te konnen ka Meksiken an tou. Se ke, nou ka apiye sou yon deklarasyon Ömdafè Levanjil Konplè sa. Nou dwe gen yon bagay ke yon doktè te deklare. Lè ti bebe Meksiken sa a te mouri jou maten sa a, a nevè, e la se te onzè jou swa sa. Doktè a te ekri deklarasyon li a. Frè Espinoza, ke anpil nan nou frè Asanble de Dye yo konnen, li te sila ki te pran deklarasyon sa a nan men doktè a, ke l te mouri.

<sup>317</sup> E mwen te wè yon vizyon anlè foul la, lè ven mil Katolik vin jwenn Kris, nan Vil Mexico. Mwen te di: “Piga nou pran sa. Mwen pa konnen, bebe sa a . . . Mwen te jis wè yon vizyon isi a.”

<sup>318</sup> E Billy te la a, ap eseye, ak trant oswa karant siveyan, yo pat ka anpeche ti madanm sa a antre nan liy priyè a, ak bebe sa a. Li tap kouri nan mitan jam yo, ak tout bagay. Kifè, finalman, mwen te voye Jack Moore desann. Mwen te di: “Ale, priye pou li.”

<sup>319</sup> Mwen te gad isi a, epi m te wè yon ti bebe Meksiken k ap souri. Mwen te di: “Tann on minit. Mennen l isi a.” Ou wè? E lè mwen mete men m sou kouvèti sa a . . . Te jis gen gwo lapli ki tap tonbe, tout jounen an. E yo te kanpe la a depi bonè jou maten sa a, e se te apeprè onzè jou swa sa a. Epi mwen mete men m sou ti bebe a. Li kòmanse ap tire pye epi gazouye. Epi yo kòmanse ap rele.

<sup>320</sup> Kifè, apre sa yo mete l atè epi y al chache deklarasyon an. Yo t ale kot doktè a, epi doktè a te di: “Mwen te pwononse lanmò bebe a, maten an a nevè. Li te mouri ak nemoni.” Ou wè? E kifè alò bagay sa yo se—se—se vre. Yo se deklarasyon. Li dwe sa.

<sup>321</sup> Nou ta dwe toujou onèt epi sensè nan tout bagay. Pa fè l okenn . . . Jis kite l pou l sa l ye a. Kite l . . . Bondye pa bezwen okenn èd sou anyen. Nou wè, Li—Li—Li se Bondye.

<sup>322</sup> Kifè men sa l te di la: “Men lè manman sa a te rele Frè Branham an Amerik, ap kriye ba li nan telefòn lan: ‘Vini la a epi resisite ti bebe m lan!’ E Gouvènman Etazini an . . .”

<sup>323</sup> Mari l se yon omonye nan Lame a. E nou tout konn Julius, anpil nan nou konnen l; li te ekri liv mwen, *Yon Pwofèt Vizite Afrik*.

<sup>324</sup> E pòv ti manman Nòvejyèn sa a, ap rele, ak tout vwa li, li te di: “Frè Branham, mwen te kanpe la a lè bebe sa a te rejewenn lavi!”

Li te di: "Nou kwè ou se yon sèvitè de . . . de Kris." Li te di: "Vini, poze men w sou bebe m lan, epi l ap viv." Li te fèk mouri jis sa fè yon moman oswa de, ak nemoni; li te malad apeprè katrèdtan, oswa senk.

<sup>325</sup> E mesye sa yo te kanpe laba a, ap rele fò epi ap kriye, epi ap sote ponpe, yo tap di: "Bondye pral resisite li! Bondye pral resisite li!" Epi sa te di . . .

<sup>326</sup> Pou sa, American Air- . . . oswa, pa American Airlines lan. Lame Etazini an ta pral vwayaje avè m nan yon djèt, epi tounen, nan yon jou. Ou wè?

<sup>327</sup> Epi m te di: "Anvan m vini, kite m jwenn volonte Seyè a." Kifè mwen te priye, pandan de jou. E doktè sa a te tèlman debyen pou kite bebe an lonje la a.

<sup>328</sup> Alò, yon jou maten, mwen te leve epi mwen te kòmanse maché al nan kwizin lan. Mwen te gade, kanpe la a, anlè, te gen jis yon Limyè apeprè gwochè limyè sa a la a, k ap vire an won, ki te di: "Pa touche sa. Pa reprime sa. Sa se men Seyè a."

<sup>329</sup> Mwen kouri tounen dwat epi mwen te telefone peyi a, epi mwen te rele epi m te di: "Mwen—mwen pa ka vini."

<sup>330</sup> E minis Literyen sa a te di: "Poukisa nou pa tann jouk nou jwenn yon desizyon klè nan men Bondye, jan Frè Branham te fè a? Epi n a konnen de kisa n ap pale."

<sup>331</sup> Kounye a, se sa, frè, si n te ka jis pa sote vit sou konklyzon; epi tann, epi jwenn yon apèsi, yon desizyon klè nan men Bondye.

<sup>332</sup> E tout sa la a, geri pechè ki pa konn anyen sou Bondye. Mwen kwè ke gerizon Divin baze sou yon prensip, ke nou ta dwe vin jwenn Bondye, an premye, epi ba Li kè nou, epi lave vi nou nan San Jezikri a, e lè sa a Bondye a pral travay avè nou epi geri nou. Jis tankou frè sa a te di, sou ti madanm li te priye pou li laba a, yon sen Bondye, ou wè.

<sup>333</sup> Nan vi mwen, mwen te fè anpil erè. Mwen te fè anpil bagay ki pa bon. M ap petèt, si mwen viv pi lontan, m ap fè anpil ankò. Petèt kèk nan yo ap wòch ki fè nou bite nan chimen nou. Mwen espere ke nou padone mwen.

<sup>334</sup> Mwen tap li osijè Abraham, kijan ke defèt ke l te genyen yo. Kijan ke li, o la la, bagay ke l te fè yo; li te doute de Bondye; epi l te bay manti sou madanm li; ak tout bagay. Men lè kòmantè Diven li te ekri nan Women 4, li pat janm mansyone erè l yo, men sa te di: "Abraham pat janm ezite" nan enkredilite an . . . pa Bondye, "men li te djanm." Yo te bliye tout erè l yo nèt, lè kòmantè Diven sou lavi li te ekri. Defèt li yo pat menm mansyone. Erè L yo pat mansyone.

<sup>335</sup> E, frè, mwen espere, ke lè yo li kòmantè mwen Jou sa a, ke L ap efase pa m yo, tou, e Li p ap panse avè yo lè sa a. Mwen espere n ap fè l, tou. Bondye beni nou.

<sup>336</sup> [Doktè Tommy Hicks fè kòmantè k ap swiv yo—Editè a.]

[Mwen panse ke nou ka di maten an pou rezime tout bagay ki te di ak pawòl sa yo: Kris nan mwen lespwa laglwa. Di yo, tanpri. Kris nan mwen lespwa laglwa.]

[Gen antre soti ak oublí nan lavi chak nonm (Mwen pa pral pale.) Mwen gen yon mesaj. Mwen kwè ke chak Kretyen te...?...Jezi...?...Kè m ajite maten an, e mwen kwè sa pou anpil nan nou kèk bagay ki deranje nou...?...fè nou pi bon gason ak fanm pou Dye.]

[Yo te konnen Babe Ruth kòm Wa Kousikwi a. Men èske nou te konnen ke Babe Ruth te Wa nan Strikeout tou? Li te frape deyò plis fwa pase li te janm fè kousikwi. Li te frape deyò mil twasan trant fwa; li te sèlman fè uisan swasant kousikwi. Men chak fwa Babe Ruth te frape, li te tounen nan kaj pou ban yo lè vye abit la te rele: “Ou deyò,” li te tounen nan kaj pou ban yo epi te fwote men li epi te ranmase baton an epi te pwente sou kloti a, e l te toujou di: “Mwen regrett sa pou lansè sa a ki deyò la a.”]

[Pa gen anyen ki mal nan frape, men sonje: ranmase baton an...?... paske Kris nan mwen lespwa laglwa. Di l ankò tanpri: Kris nan mwen lespwa laglwa. Se tout bagay.]

Wi.

[Se tout bagay.]

Se vre.

[Se tout bagay.]

Tout bagay. Amèn.

[Alelouya. Diskite ak goumen p ap janm fè travay la fèt. Nou twò pre...]

Amèn.

[...lòt bò a. Nou te atenn pwen ki pa gen tounen an. Konbyen fwa ke mwen te tande kapitèn lan tounen rele nan avyon an: “Kounye a nou te atenn pwen ki pa gen tounen an.”]

[Sa pa fè lontan mwen te tande yon vwa ki sot nan yon lòt mond ki te pale avè m epi te di: “Pitit gason, nou te atenn pwen ki pa gen tounen an.” Sa vle di mwen pi pre lòt bò a pase pwen kote m te kòmanse a.]

[Fenmen je nou, tanpri; koube tèt nou.]

[Papa nou ki nan Syèl la, maten an, ala nou rekonesan e ala nou gen gratitud ke nou ka di ak tout fon kè nou ak fon namn nou, “Kris nan mwen—Kris nan mwen, lespwa lagwa.” O, Jezi, mete men renmen Ou nan kou chak nonm ak chak fanm, e se pou vizyon nou ak rega nou leve wo—wo, pi wo, pi wo pase bagay mond sa a, pou ke nou ka wè Kris, e lòt yo ka wè Kris nan nou. Poze men W sou chak grenn nan sila yo nan sèvitè W yo...]

Akòde sa, Seyè.

[. . . ki ka, antan nou soti nan plas sa a maten an ke nou va deside pou n pa wè anyen ke Kris sèlman . . .]

Amèn.

[. . . ki byenvini nan youn ak lòt. Nou konnen travay la—gen tèlman yon gwo travay ki pou fèt, Jezi; tèlman gen yon gwo rekòt ki pou rekòlte.]

Wi, Seyè.

[O, ede nou, Seyè . . .]

Wi, Seyè.

[. . . ke nou va met men ansanm . . .]

Akòde sa, Seyè.

[. . . e bale rekòt la . . .]

Wi, Seyè.

[. . . pou genyen sa ki pèdi yo e k ap mouri anvan l twò ta.]

Wi, Seyè.

[Mwen vle nou leve men nou epi jis louwe Non Seyè Jezikri nou an.] . . . ? . . .

[Nou va kanpe, tanpri. Mwen vle nou leve men nou epi chante avè m *Mwen Renmen Li*. Èske nou renmen L?]

Amèn.

[. . . maten an? Èske nou renmen L ak tout kè nou? Leve men nou epi chante l, tout ansanm, *Mwen Renmen Li*.]

[Mwen renmen Li, Mwen renmen Li]

[Paske Li renmen m an premye]

[E te achte sali mwen]

[Sou bwa Kalvè a.]

[Èske nou vle jis fredone li tanpri?]

[Nou konnen, konfrè minis yo, nan Ajantin nou te gen plis pase katsan mil moun nan yon sèl sèvis; plizyè fwa nou te wè moun yo. E mwen sonje premye apremidi a, nou te gen plis pase katsan mil moun ki tap chante sa a an Panyòl, e mwen te fè yo fredone li, e deyò a te gen plis pase twasan mil moun. Nou te mande moun anndan yo jis rete an silans pandan moun deyò yo tap fredone pawòl chante sa a. Epi toudenkou, antan yo tap chante l, te gen yon bagay ki te inonde nanm mwen. Mwen pat janm konnen anvan nan vi mwen revelasyon Kris nan mwen jiskaske mwen te tandé eko twasan mil moun yo deyò a k ap jis fredone l *Mwen renmen Li* deyò a . . . ? . . . maten an se yon gran lame majestye de Wa lagwa a, e y ap chante. Kimoun yo renmen? Kimoun nou renmen?]

Wi.

[Kris, Kris nan mwen.]

Wi.

[Lespwa laglwa. Fenmen je nou, leve men nou, epi chante l ankò, tout moun.]

Wi Seyè.

[Mwen renmen Li, mwen renmen Li]

[Paske Li te renmen m an premye]

[E te achte sali mwen]

[Sou bwa Kalvè a.]

[Si nou renmen Li maten an, mete bra nou nan kou twa oswa kat mesye diferan; epi medam yo fè menm bagay la; epi di: "Mwen renmen Seyè Jezikri." Se byen; mete bra nou toutotou...]

<sup>337</sup> Si mwen te ka wè sa rive toupatou nan mond lan nèt, mwen t ap di: "Seyè, kite sèvitè W la pati an pè!"



*DIVINITE BONDYE A KI EKSPLIKE* CRE61-0425B  
(The Godhead Explained)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle nan madi maten, 25 avril 1961, nan Holiday Inn nan Chicago, Illinois, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistremman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize 1 pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)